ra nging katah kang labet tamī, wadija Islam
kènging mimis tan poenapa. (21) Sèh Moecham-
mad Ngaesman Basah, kènging mrijem kan-
tol iki, mapan tawah saking koeda, kaèdanja p. 61
ladjeng ngimasasi, nanging pitoeloenging -
Widdi, tan pasah Sèh Ngaesman ikoe, mapan
woes tan winarni, kawarnaha Sri Boepatī, da-
tan harsa koendoer dateng Sambirata. (22) Tama-
digda kinèn karja, ninggih pasanggrahan ma-
lih, ing pengasih namanira, mangkana Radèn
Dipati pan kinèn wangsoel malih, dateng -
pabarisanipoen, lawan Ngaesman Tibasah,
doemateng sawètan Progi, Basah tiga woes
kinèn mantoek sadaja. (23) Mring wates ataba-
tata, badé mring Bagelèn tami, mangkana
Sri Naranata, mapan pasanggrahan malih,
ning Gedang Goebah iki, angentosi dadosipoen,
dinja karja poenika, pasanggrahan tan winar-
ni, sampoen dados naelijo kedak Sri Narèndra.
(24) Mring Pengasih lan sawadija, Rawachira tan wi-
narni, mangkana Radèn Dipatija, mapan tam-

pi soerat nèki, saking Rèsidèn iki, Palek ing Ma-
gelan ikoe, Djèndral De Kock kadjeng ijo, pan
meksa ngadjak bedami, lamoen sampoen kanggè soe-
ratnja poenika. [25] Palek kinèn papanggiha, roemi-
jin lan Dijan Dipati, mangkana katoer Narèn-
dra, kang soerat dateng Pengasih, Sang Nata gija
nimbali, doemateng ki Madjo ikoe, kalajan ingkang
paman, nenggih Djeng Pangeran Ngabehi, mapan
samija tinatoen soerat poenika. [26] Kijai Madjo a-
toerira, kalawan Pangeran Behi, dados lir dock
Djohalanang, pan langkoeng sangèt poenika,
ngèlmoe katal lan kènging, jèn mawi beda-
mi lochoe, lamoen sampoen birangat, jèn
kapir lan asrah diri, mapan kasah sisikoe
poenika. [27] Makaten Radèn Dipatija, sam-
p. 62
soemoeroep ngèlmoe pasti, boten wandé kalepat-
an, lamoen samsoea apanggih, ageng sisikoe-
nèki, doemateng ing ngèlmoenipoen, wantoe
dèrèng woeninga, dateng sikoening Agami,
Sri Narèndra dadija dahar atoerira. [28] Kang
paman lawan ki Madja, mangkana Radijan
Dipati, san kalilan lamoen panggija, lan
Rèsidèn Kedoe iki, apan waes san winarni,
Djojowagara winoewoes, pan kasamoewan-

mengsah, Kornel Salwèn wastaniki, mapan-
ngirid sagaeng wadja ing Ngajogija. (29) Karja
bèteng ing Sajangan, mangkana dipoen takeni,
mring Raden Djajanagara, sakan tjanira Boepa-
ti sakidoel Ngajogija ki, lan wètan Ngajogija
ikoe, nijang Prawira Tambama, langkoeng ra-
mi sang ratri, datan noewoen bantoe mring
Raden Dipatija. (30) Tinatoen maksih kadoe-
ga, lanat kapir katah mati, mangkana Boe-
pati ingkang, prapta ing sabil lalahi, kang-
santana Narpati, Pangran Demang poetra-
nipoen, Raden Senakoesoema, pan roesak koe-
narpaneki, pan kaladjeng kalalah pangam-
moek neki ira. (31) Lawan Boegis kalih ika,
pan Rangga Daèng Takintjing, Ngabèhi
Daèng Tarèwa, bèteng ing sajongan dadi, Kar-
nèl Salwèn poenika, langkoeng resah ing-
prangipoen, wong ngili pinedjahan, lanang
wadon sarta baji, jèn katjandak mapan dèn
rampet kéwala. (32) Daja-dajo apoelija, sa-
bab lanat taloh keh kang mati, samana ki-
doel Ngajogija, mapan Tasah ingkang sa-
bil, mangkana Dijan Dipati, mapan arem-
baggan tampoen, lawan Rahadèn Basah, Pra-

p. 63

wira dirdjo tan kapti, Pangeran Bèhi joen matoer mring Sri Narèndra, (33) Rahadèn Djajanagara, pan sinoewoen oendoer nèki, sabab winastanan tiwas, raemeksa ing tanah nèki, rembag katiga sami, Dèn Basah lega kijaspaen, marma lami paenika, tan dateng Bagelèn nali, Radèn Basah mapan ewed ing kijas ira. (34) Daemateng Rahadèn Basah, Ngabdoelladip pan sajekti, mangkana gega rembagnja, apan Basah Ngabdoelladip, sinoewoen mring Narpati, ginentos aken paenikoe, dateng Djajanagara, kadijo woes karsaning Widdi, pan ing wektoe paenika sagoeng paenggawa. (35) Apan panas-pinanasan, tanapi ki Nadja iki, mapan lang koeng panas ira, daemateng Radijan Dipati, lan dateng Pangeran Bèhi, Sang Nata woes aening ikoe, lamaen sagoeng paenggawa, jèn mangkana apan sami, nging Sang Nata woes maepoes karsa Hijang Soeksma. (36) Mangkana èstining drija, nadijan tina lanat kapir, ija teka tanah Djawa, kaja woes tan bisa mami, mrih selamè kijas nèki, mring wang Djawa kabèh ikoe, nadija angles kijas ira, kaga-

gos kang samijo swargi, marma barang atoer
nja tjatoer poenggawa. (37) Pangeran Bèhi ki-
Madja, Dèn Basoh Radèn Dipati, tang Na-
ta noeroet kéwala, sabab ing galih woes sepi,
mring rohmading danjéki, kang pinoenta-
mring Hjang Agoeng, pan amoeng bebepira,
sagoeng kang nglampahi sabil, lawan sahid
sagoeng Islam tanah Djawa. (38) Djaloe èstri
raré ika, angsala soepangat Nabi, Moeham-
mad Sam kang Moestapa, namoeng sih ra-
bool ngalamin, ing siang lawan ratri, Kang-
djeng Soeltan kang sinoehoen, marang Al-
loh Tangala, tetepé kang imam sami, ka-
tri maha sabil sahidnjo sadaja. (39) Ngan-
tepi Islam njo samijo nglampahi parintah
Dalil, ing Qoer'an pan ajat katal, namoeng
sih raboel ngallalamin, ing ngakerat pami-
ki, tetepa ing kang sinoewoen, mangkana-
mapan mapan naelija, Radèn Djajo nagaré-
ki, kinimbalan mring Pengatih sampoen prap-
ta. (40) Tan kantoen wadijo Tamtama, mang-
kana woes dèn dawahi, lan Basoh Ngabdoel
latip, tan katilan mantoek ikoe, mring Ba-
gelèn poenika, apan kinèn anggentosi, mring

p. 64

lampahanira Dijan Djajanagara. (41) Pradjoe-
rit kinèn masrahna, mijang sagoeng kang
pra Dipati, sakidoel Jogija sadaja, miring
Dèn Basah Ngabdoellatip, apan tan waes
tan winarni, namoeng Tamtama poenikoe
Ngabèhi Pandji Rongga, kawan dasa katah
neki, kedah toemoes dateng Dijan Djajana-
gara. (42) Mangkana karsa Narèndra, Radèn Poe-
koetlawa malih, pradjoerit Tamtamiki kawan-
dasa dadija ikoe, mapan sisihanira, lawan
mantri lebet malih, sabab Radèn Toemeng-
goeng Martanagara. (43) Lan Radèn Ganda-
koesoema, karsanira Sri Boepati, kinarja-
Basah ing Ngrèma, mantri lebet toemoet-
sami, lelektanja sami pribadi, mangkana
woes tan kinatoer, pan ladjeng kinèn mang-
kat, badé Basah tiga iki, maoeng Pinilih ing-
kang tan kalitan bekda. (44) Binantaken
Dijan Dipatija, sadaja tan wanten kari,
toer kijo bar-kijo ika, tarkijo Soeraja sami,
mandoeng Waning prang iki, lan Basah
Bagelèn ikoe, Ngabdoel Mochji poenika,-
saking wates baedal sami, prapting nge-
lok ladjeng pinetoek ken joeda. (45) Nanging

tet loeroeng poenika, sinjo djang-adjangan
boris, dadijo amoeng marijeman, tan ana kang
nijaṭani, nengna kang lagijo djoerit, kina-
dja ingkang winoewoes, sampoen karsa Hijang
Soeksma, dasan marem ing tijas niki, weling
atoer nring Pangéran Béhi noelejo. (46) Noewoen
pamit nring Naréndra, jèn nglampahi poe-
loe iki, ngaturi ajoen ngradin Padjang, lan noe-
woen dèn ter pradjoerit, gangsal atoes poenika,
Boelkijo kang tegang atoes, Sèh Ngoesman Li-
Basah, poenika ingkang pangirid, Mangkoe-
joeda lan Toemenggoeng Bradjajoeda. (47) Sanijo
njètoes pradjoeritnjo, djangkep gangsal a-
toes iki, mapan langkoeng tiga welas, lan
kantja metakan sami, anak Koerawan iki,
mapan inggih koelo soewoen, lawan Toemenggoeng
Padjang, kang kapala ladjeng sami, apan badé
koelo antoekaken sanijo. (48) Pangeran Béhi a-
ngandika, jèn kènging bok sampoen kijai, -
ingkang ngadep Sri Naréndra, mapan tan
wanten kijai, koelo tring késah oegi, ki Ma-
dja apan soemaoer, kadas poendi Pangéran, -
jèn tan tjetjèkèr pribadi, mapan katah ing-
gih anak poetoe koelo. (49) Poepapa ingkang-

p. 65

katěda, ing béndjing wekasanněki, pědah
* sampéjan santana, angang goer dipoen ingani,
lan sagoeng Senapati, jèn sampéjan darbé
kajoen, inggih mangsa lepata, pan kawoe-
la tijang alit, lamoen boten Pangéran pa-
das prijangga. (50) Pangéran Běhi nabda, poe-
nikoe gěsěh kijai, atoer dika mring Narèn-
dra, nenggih parèntah ing Dalil, maeng ange-
lar Agami, panika salami nipoen, jèn nijat
anglar těda, mapan batal sabil něki, dadan
angsal pan mindak angsal daeraka. (51) Jèn
p.66 amrih těda kéwala, pan sampoen rampoeng
roemijin, poenika daek Djåhalanang, ki-
jadjå soemaoer bengis, sampéjan anjegati, ing
kaelo roemijin ikoe, sadajå kang parintah,
Sri Narèndra amaeng darmi, pan ing mang-
ké, wonten Rahadijan Dipatijå. (52) Pangran
Ngabèhi Běhi ngandika, sanadijan mang-
ké kijai, pan maksih wonten andika, parèn
tahira Narpati, ingkang inggil pribadi,
lamoen makaten poenika, dika poenapa tri-
ma, kaprèntah adi Dipati, sabab Basah
kaprèntah adi Danoerdjå. (53) Jèn maka-
ten karep dika, naewoen dadi Basah kijai,

poenikoe wekasanira, ki Madja saoeriraké, sin-
ten- sintena oegi, kaparentah inggih poeroen,
nadijan nginggila, pan lamoen datan pa-
katil, gih Pangéran poenika moendak poe-
napa. (54) Goemoedjeng Kangdjeng Pangéran,
dené kok gèsèh kijai, kalawan atoer an-
dika, mring Sang Nata Haminèki, ki Ma-
djo saoernèki, sampéjan tan oening toehoe, la-
maen ngèlmi poenika, mawi kanadjoelan tarki,
Pangran Béhi nesem aris angandika. (55) Kijai
wedi-kawoela, lamaen matoera pribadi, pana-
mening ngatoer kéwala, dika matoer pribadi, ta-
mana tampoen kenging, prapteng ngarsa kang
Sinoehoen, tampoen katoer niskara, nesem
Sang Nata nglilani, pan woes oening toka-
djengira ki Madja. (56) Nanging ing kang tijas
Narendra, mapan woes sedijo ngantepi, saba-
rang kang woes kawedal, ngandika, mring Pa-
ngran Béhi, kinen maringi toelis, mring Ra-
dijan Diposi ikoe, barang panoewoenira, ki-
Madjo woes dèn lilani, tampoen lengser ka-
lih sing ngarsa Narendra. (57) Yang kana woes p. 67
tan winarno, kawarnaha ingkang djoeris,
Dijan Basah Prawiradirdja, lawan Basah

Ngabdoel Moehji, Radèn Martanagari, mapan
tanpa wekas ikoe, lèt loeroeng marijeman,
tan kendel ing rinang rotri, dadijo rembag da-
loe samijo djebol ika. (58) Medal pinetoek mar-
gino, lanas mapan tan oedani, èdja tèmijo
marijeman, Radèn Basah gelaenèkè, sagoeng
waos, sami, ingkang kinèn barès ikoe, sam-
poen prapta kerojo, Basah tiga badé sami,
mijang pradjoerit pan datan kantoen sadaja.
(59) Tanget samijo sajah ira, sabab daloe lampah
nèki, arip lawan medal ngarga, marma samijo
tilem ika, tan njana dèn koetoeti, pradjoe-
rit pan samijo tjoetjoel, kalawan Basahira,
lanas prapta ngepang naeli, ladjeng nge-
drèl sinareng marijeniro. (60) Langkoeng goe-
goep Basahira, lan sagoeng pradjoerit sami,
rammar njlampret lawan dandan, nenggih
Basah Ngabdoel moehji, ingkang naedal roe-
mijin, lan ngirid kang hoesar sagoeng, ing
Bagelen sadajo, ing djawi doesoen waos prap-
ti, lagijo baris pan ladjeng binoedjoeng noe-
lijo. (61) Dateng hoesar lanat toeloh, mang-
kana sagoeng pradjoerit. riwoes dènira edan
dan, apan sareng medal sami, tan ngan-

tos kata iki, lanas ladjeng nempoeh poeroen,
marijem woes tan maenja, mangkan kaen drèl
sandjata lit, apan namoeng sandjata moengel
ping tiga; (62) Islam sareng adjengira, apan noe-
roet koekoes sami, pan ladjeng kjoroek kèwa-
la, tangkeh lawan waos iki, lanas mapan
kalindih, Radèn Prawiradirdjakoe, mangka-
na woewoesira, mring Radèn Martanagari, la-
maen kangmas tanas nelasaken poenika. p. 68
(63) Mapan bandé dados Bösah, sareng mijarsa
poeniki, Toemenggoeng Martanagara, pan lang-
koeng bramantija reki, kalawan ingkang
rai, Radèn Ganda kaesaenikoe, woes sir
sagoenging lelajo, pan liwoeng pangamoek
reki, ngantos poetoeng waos agem prib-
dijo. (64) Aelijo njandak malih ika, waos
ampilanireki, Dijan Bosah Prawiradirdjo,
tilarané Kangdjeng Goesti, Bosah ingkang
sinoewargi, kijai Matjan namanipoen,
dadjo belos sadaja, lanas kedik ingkang
oerip, Mojoar Biskis lan Radèn Sindoe-
nagara. (65) Kalih pan samijo loemadjar, -
nging Sindoenagara kamin, mapan kaktoen
waosira, wasijat namanireki, ki Djosame-

teloki, bangkelanas apan toempoek, lan kang kèkètjèr samijo, pitoeng atoes katah nèki, wadijo Islam ingkang prapta sabil lalah. (66) Pan loeroh mandoeng satoenggal, Mas Bèhi Nitiranèki, pradjoerit tatoe sadaja, nanging samijo tan poenapi, katah bandanganèki, mapan warna-warna ikoe, kalih mrijem poenika, mimis lan obatirèkè, sandjata lis tigang atoes lan sandangan. (67) Poenika mapan andoengan, mijang badé sangkelan iki, jatra mapan katah ika, koeda poenika kadjadi, angsalnjo tiang siti, waes radin Bagelen ikoe, ingkang tengah poenika, Raden Basah noelijo aglis, dateng ngrema kendel doesoen ladjer ika. (68) Netepaken Raden Basah Martanagara poenika, pradjoerit ngrema sadaja lan Bagelan kilen prapti, doek ngoeni mapan sami, pradjoerit ngoengsi mring gaenaeng, maeng doellah Pandji Rangga, kang samijo dateng Mataris, sampoen pepak pradjoerit siwoe sadaja. (69) Bagelen kilen poenika, kang tengah siwoe pribadi, Basah Ngabdoel moehji ika, nanging ingkang wèdan maksih, kandjikan lanmas iki, mangkana ingkang winaewoes, Kar-

p 69

(70) Inggih ngaturan uning. (71) Nging Basah Ngabdul mustajiba, [illegible] lanat ... andatengi ...

nil Keleres ika, apan langkoeng napsoenèki, ing
risaké Majoar Biskis balanira. (70) Kinerig sagoeng
kelana, Karnèl nindihi pribadi, datan kantoen
Majoar ika, langkoeng katah balanèki, apan woes
boedal sami, saking kedoeng maosikoe, mangka-
na Radèn Basah, Prawiradirdjo poenika, mapan
sampoen (71) lanat adatengi, mapan langkoeng katah
ira, noelija Radèn Basah iki, nata sagoeng pradjoe-
rit, nanging tadah karsanipoen, Basah Ngabdoel
moehji, minongka dadaniriki, mapan sampoen
pradjoerit pinara tiga. (72) Dijan Basah Marta-
nagara, kang dados pangawat kering, kanan-
Dijan Prawiradirdja, nenggih Basah Ngabdoel-
moehji, pan kinèn ngadi-ati, mangkana kati-
ngal sampoen, lanat pan ladjeng ika, nata-
baris ngedril noeli, pan sinaoeng kalawan ma-
rijem ira. (73) Pradjoerit Bagelen tengah, pan ka-
lindih joedanèki, binoeroe mring lanat toelah,
Basah Prawiradirdjo ki, apan noelija ngobani,-
ngobet saking kanan ikoe, Basah Martanagara,
ingkang ngobet saking kering, lanat toelah ma-
pan katah ingkang pedjah. (74) Kalindih lan-
nat joedanja, Islam apan boerae sami, Karnèl
mapan langkoeng kroda, gija ngobani boesar

Omission end verse 70 Begin 71

nèki, kelana kang pangirid, pan Kapitan Koed
p.70 poenikoe, noelija anginoem samijo, woes tan ne-
dija moendoer oerip, golong madjoe pelangkir-
noelija loemadjar. (75) Dadéjo wangsoel malih samijo,
ladjeng tjampoeh ing ngadjoerit, haosar mapan-
sami hoesar, daras panggih lan pelangkir, -
langkoeng raméning djoerit, mapan dèring-
oentoeng ipoen, tan telas lanat koelah, samija
woeroe ingkang poerit, Dijan Toemenggoeng Gan-
da koesoema winarna. (76) Kènging mrijem wen-
tisira, dawah koedanjo ngemasi, nging Radija
Ganda koesoema, angsal pitoeloenging Widdi,
labet datan poenapi, mangkana sapoen daloe
ladjeng sapih kang joeda, lanat toelah kabah ma-
ti tangkènira pan binekta moendoer samija.
(77) Kang ageng-ageng kèwala, tang kenja lanat
kang alit, tinilar mapan belasah, mangkana
Islam kang prapti, dateng sabillolahi, Doel
lah tantadiwirjeki, lawan Tjitradiwirjo, Mas
Pandji Singa poeniki, ingkang labet ~~djadjan~~ djar
Islam gangsal welas. (78) Nanging samija tan
poenapo, dadijo poer-epoeran sami, mangkana
mapan sareng indjing, lanat tan medal ma-
lih, ladjeng moendoer mring kemit, mangkano-

ingkang winoewoes, Radèn Prawiradirdja, nan-
toen mring ~~kemit~~, kang raka iki; Radèn Basah
Martanagara poenapa. (79) Kadoegi sampoen dèn
tilar, roemeksa mring bawah niki, Dijan Ba-
sah Martanagara, wong soelanira kadoegi, lawan
berkat Narpati mangkana Bagelèn sampoen,
kilèn lawan kang tengah, padang lanas mapan
sami, neng djro bètèng sampoen dadan saged
medal. (80) Dijan Basah Prawiradirdja, mangka-
na ing karsanèki, mring Bagelèn ingkang wé-
tan, apan maksih peteng iki, pan noelja dèn
tanemi, Basah nenggih poetranipoen, Pangran
Bèhi poenika, dados Doelah karkijèki, nama-
nira Radèn Prawirakoesoema. (81) Dados djangkep
Basah tiga, Bagelèn woes poelih moelih, Dijan
Basah Prawiradirdja, mapan ingkang dèn teng-
gani, tanemanja pribadi, neng Bagelèn wétan
ikoe, tan mawi koer oeninga, doemateng Sri Na-
ta pati, dènjo ngangkat Dijan Basah Prawira-
dirdja. (82) Doematèng Rahadèn Basah, Prawira-
koesoema iki, mangkana apan woes lama, nging-
lanat tan saged medjil, Bagelèn padang sami.
Radèn Basah noelja mantoek, mring Mataram
sawadija, koeswa mapan dadan kati, ladjeng-

p 71

sowan daematèng Sri Naranata. (83) Hangatoeraken bandangan, nenggih kang marijem kalih lan waos Djatamalila, mijang mimis lan obatirèki, kalawan matoer malih, kalamaen Bagelèn ikoe, wètan pan tinaneman, Basah Daelah karkijèki, dèni ingkang kawoela gentosi ika. ~~Nenggih kang marijem kalih~~; (84) Nenggih pan Soera maestapa, kang ngaeni Pandji mirèki, nenggih dhi dhalem karkija, mesem Nata ngandika ris, ja waes tarima mami, mijang saroepaning kang sagaeng, kang pada ngangkat karjā, nanging kijāsira Narpati, èsmae gela mring Basah Prawiradirdja. (85) Sabab andingini karsā, ing ngaeni pan tan winilang, lamaeng Bagelèn kang wètan, nenggih kinèn anan emi, Basah waes tan winarni, mangkana ki Yadja ikoe, mapan sampoen laemampah, daematèng sawètan Pragi, nging taelaja lan Sèh Ngaesman Ali Basah. (86) Sèh Ngaesman ajaen mapaha, adjrih timbalan Narpati, poen taemaet dasan kadaega, daematèng ki Yadja iki, lawan Daellah satoenggih, Sèh Kadji Daelah Kadir ikoe,

p.72 marma ahangga krama, jèn dèn adjak mangkat iki, pan soemadas dèrèng pepak kantjanira.

(87) Dadija lami kijai Madja, mapan dadan mang-
kat iki, nenggih doemateng ing Padjang, ismoe
kadoewoeng poenika, atoerija mring Narpati, a-
joen wandé isin langkoeng, sareng Ngoesman Li-
basah, tan kenging kinantoen iki, ing kijosira-
ingkang ing ngaben poenika. (88) Nenggih pra-
djoerit Boelkija, Seh Ngoesman Libasah iki, -
kang badé kinarja banda, nanging Seh Ngoesman
woes oening, marma tan poeroen iki, mring ki-
Madja kadjeng ipoen, lamoen badé soelaja, ki Ma-
dja saatoerneki, marmanira Seh Ngoesman a-
wrat kijos iro. (89) Mangkana kijai Madja, lang-
koeng kéwran ing kijos néki, roemaos kalah -
kladjengnija, dén nja matoer mring Narpati,
marang satanineki, dadija nantoen moeridi-
poen, nenggih kijai Dadapan, kalawan kijai -
Melangi, atoerira kalih pan kadoegi ika. (90) Ngang-
gé Dalil mansoeh ika, sabda wenang déning la-
ngip, pan ngoendoerna maing sakedap, ki Ma-
dja dadija noeroeti, mring kaeri moerid néki,
kijai Dadapan poenikoe, pan tinekadjeng
naelija, ki Dadapan mring melati, kadjeng
panggih lan mojar Wiranagara. (91) Naelija
tanggel tinanggelan, sabab mojar moerid-

nèki, doek alit nèng Nelangika, tan winarna
niskarèki, noelija tamijo njagahi, pangiñe bi-
tjanten ikoe, kalih pan dadas marga. Dadapun
lan majar iki, nèng Nelati wes timadas dinten
nira.(92) Ki Nadja panedanira, Residèn Pengoeloe
Patih, ing Sola Jogija sadaja, majar mapan a-
njagahi, nging neda kèndel nèki, sagaeng ing a-
p.73 prang sadaraem, sagah kijai Nadja, noelija a-
toer soerat iki, miring Angasih wes katoer -
miring Sri Narindra.(93) Doek noepeksa ingkang
soerat, Nata langkoeng bendoenèki, wus doe-
mateng ki Nadja, mangkana timimbalan tè-
ki, hèh tasakena iki, mapan doerong toe-
toeg-toetoeg, Nadja karja rentjana, olèhnja
manggoeng bagoesi, jèn mangkana ija dihin
ana apa.(94) Mapan sagaeng kang bitjara, dènè o-
ra ana dadi, ikoe ija kang njadjak, taben-taben
Djèndral iki, lan masrahaki taewin, tanah-
Djawa kabèh ikoe, soeprandènè tan dadèja,
oedjarè ngèlmoe tan keni, dènè mengko ingkang
dèn bitjara apa.(95) Residèn jèn kimoe ika, lan
Danoerdja ora keni, toetoer lamoen Qoer'an ika,
ingkang ora anglilani, toer ta ora wiwiti, pan-
darma Residèn Kedoe, gawa lajange Djèndral,

satoeri soen taeroeti, doeroeng lawas oepama la-
maen lalija. (96) Déné banget karjo nista, ta Soe-
loeran loeroe arip, toetoeré ngelmoe tan kena, waes
pita lamaen tan keni, ginoegoe oedjaré néki, Ngoe-
lama apa réné koe, mapan salawasira, gaung bé-
béka karjané ki, lan maningé mapan waes akih
wang Islam. (97) Ngoelama Kadji Pandita, Sarip
lan santana sami, kang waes pada sabillolah,
déné angisin-isini, danja siro mepeti, mapan
ara sedja ing soen, lamaen Allah Tangala, ija ara
anglilani, ing loehoeré Islam ingkang aneng Djo-
wa. (98) Agama Nabi Moehamadd, soen teda sir-
naha mami, aneng danja tanpa karja, ma-
pan soen sedijo bilani, marang kang pada sa-
bil, djer ikoe parentah ing soen, kabeh wang p. 74
tanah Djawa, Islam ingkang pada sabil la-
~~lah~~ wan sahit pan ingsoen kang doewé karja.
(99) Andjaloek menenging prang, ing soen apan
tan anglilani, mangkana waneh ki Madjo,
bitjara tan soen soelajani, lamaen tan ~~winar~~
wanti djoerit, angoer kanen bali ikoe, Badaroe-
din pan sira, soen kang kan dawoehna iki,
mring ki Madjo jen mangkana karsaning way.
(100) Lawan maning dingin sira, mampira Da-

noerdja iki, lajang gawanen balèkna, Doelah Kadji Badaroedin, sandika atoer nèki, nembah kang sèr noelija moendoer, sing ngarsa Sri Narèndra, tigang dinten noelija prapti, Doelah Badaroedin lawan bekta seras. (101) Pataerantra ki Hadja, rapal kang kènging ken iki, poenika pan ajat Qoer'an, inggih kang hambalampahi, noelija Sri Narapati, animbali Ngoelamèkoe, kang maktih kantoen samijo, praptaneng ngarsa Narpati, lawan Kadji Pandisi Nata ngandika. (102) Hé sanak Kadji Ngoelama, ing-soen jèn sakan sajekti, mapan iki ajat Qoer'an Qoer'an, apa nan sèh mansoeh iki, padjara dèn sajekti, mapan ingsoen tan saemoeroep, mring nan sèh mansoeh jèn poenika. (103) Agami Nabi Moehamad, rapal poenika kang kènging, daek alamé Nabi Moesa, nadèjan-moerindji pribadi, pan samijo atoer nèki, Kadji Hamsadji poenikoe, lan Sèh Barmawi iko, noelijo kinèn amang soeli, daeka Kadji Badaroedin mring ki Hadja. (104) Kalammoen waes tan kolilan, sabarang padaeronè ki, nging kinèn mantaek kewala lamoen dadan poeroen djoerit, kijai Hadja.

p.75.

poenika, sarung tampi seratipoen Dijan Di-
pati Danoerdja, mangkana timbalaniki,-
Sri Narendra langkoeng djrih kadoewoengira-
(105) Pring sagoeng patoeranira, sadaja kang kawi-
djil, mapan ing salaminira, katah kang ka-
ladjeng jekti, dateng Sri Narapati, poen man-
taek wirang kalangkoeng, lawan kang pra-
djandjian, lan majar apan wes dadi, na-
moeng kantoen ngantosi dinten kewala.
(106) Mangkana estoe apanggijo mapan aneng ing
melati, ki Madjo lan sagoeng samijo, kang den
weling aken iki, apan pepakan sami; Sala lan
Ngojagijo ikoe, majar kantoen ika, lan winar-
ni bitjoreki, kijai Madjo ladjeng sowan Sri-
Narendra. (107) Pring Pengasih samijo sampoen -
prapta ladjeng, djoedjoeg aneng Masdjid, noelija
weling ataer iko, marang Dalah Badaroedin,
noewoen sowan Narpati, Kadji Badaroedin ikoe,
ladjeng sowan Narendra, Sang Nata apan marengi;
lenggah aneng soerambi langgar poenika.
(108) Kadji Badaroedin ikoe, lan rijo, poen paman
lamoen marengi, noewoen sowan ataer salam,
sakantjanipoen Ngoelami, ngandika Sri Boe-
pati, mapan ing soen wes lan ajoen, salaman

lan wong bisa, mapan ing toen bado jekti, bok
manawa anoelari badoning wong. (109) Heh Badaroe-
din koeboera, marang ki Hadji sireki; Doelah Ba
daroedin noelija, moendoer sing ngarsa Narpa-
ti, lan ki Hadji woes pangggih, sampoen winas-
takaken ikoe, tinimbalaning Narendra, lam-
moen arsa papanggih, lan sampejan lawan
manise kang sabda. (1) „Dandanggoela"

CANTO 35 pp 100-134 [100 verses]

Kijai Hadji sareng amiarsi, lamoen Nata
kan arsa panggija, toemoeng koel krasa ing
p. 76 || tijasé, lamoena gaeng lepatipoen, atanapi ring
ngèlmi niki, soemaos lamoen tiwas, barang a-
karipoen, ing kang sampoen kalampahan, da-
dijo sanget nalangsa djroning ati, marang
Allah Tangala. (2) Atanapi daematang Djeng
Nabi, dadijo medal ki Hadji loehiira, ngraos
barang kadoendané, noelijo aris amoewoes, wa-
oe marang Seh Badaroedin, andika hoema-
toera, daematang Sang Praboe, kawoela noe-
woen sapisan, angabekti daematang Sri Na-
rapati, mapan sedijo kawoela. (3) Anglam-
pahi sakaita Narpati, Doelah Kadji Bada-
roedin noelijo, wangsoel matoer mring Sang
Radjing, Nata ngraos tijasipoen, sareng.

atoer niki, Seh Badaroedin noelija, tinimbalan ikoe, lawan sagoeng kang Ngoelama, miwah Kadji ingkang bade taemoe tami, waes sonnija prap teng ngaesa. (4) Kijai Nadja noelija atoer bekti, djawat astra lawan Sri Narendra, esmoe kamembeng waspane, anglir wekasane panggaeh, mijang pra Kadji lawan Ngoelami, sadaja pan mangkana, marma datan dangoe, Sang Nata angres kang drija, daek taemingal dateng ki Nadja poeniki, kadija korsaning Soeksma. (5) Apan ladjeng kinen mangkat malih datan ngantos matoer kijai Nadja, tan winarna niskarane, mapan waes prapta ikoe, ning wetaning Paraga malih, Seh Ngoesman Alibasah, ing ngaendang tan poeroen, lawan Seh Doelah Kadji ka, Ngabdoel Kadir dadija ingkang taemoet naming, Doellah Kadji Moestapa. (6) Namaeng lawan kantjanira pribadi. datan pepak sadaja mangkana, tamija tagaeh noesoel bae. namaeng Taemenggoeng ipaen. ingkang pepak Mangkoejoedeki, Hoerawan Bradja joeda, Sadilaga ikoe. Taemenggoeng Padjang sadaja, datan taemoet tanija gelo ing tijas niki, daema-

p. 77

teng kijai Modjo. (7) Dadija namoeng nak moe-
ridirèki, lan sadèrèkira ingkang milija, nanging
kolah kantoen mangké, moerid sadèrèk ipoen,
ingkang sampoen sanija Ngoelami, sabab
kijai Nadjo, sing soelajaniipoen, kalijan Sri
Naranata, lan ngèlmoe nja sareng njelaka-
ken iki, dateng kijai Dadapan. (8) Kadijo
sampoen karsaning Hjang Widdi, kijai Mo-
djo kawoer manahira, datan kan kenan ka-
djengé, mangkana sareng daloe, ladjeng mang-
kat mring Pedoeh iki, gangsal atoes wasara
ingkang ngiring ikoe, apan ladjeng kinoetoet-
an, Karnèlé Bran ki Modja ngatoeran aen-
ning, kalamaen kinoetoetan. (9) Mapan la-
djeng kinèn ngati-ati, èndjing lanat pan la-
djeng ngatingal, Islam sampoen baris mang-
ki, pan tan koetjiwa ikoe, kijai Modjo émoet
kijas rèki, doemateng ngèlminira, lan karsa
Sang Praboe, sedijo sabil karsanira, sampoen
njandak waos joen ngawaki djoerit, sagoeng
kang pro Dipatijo. (10) Lan pradjoerit samijo-
gregoet iki, ki Melangi waos ngang go sandja-
ka, nedijo rempon sadajané, sareng ningali i-
koe, kijai Modjo karsa ngawaki, Kasan Besari

mapan, woes andelik ikoe, mangkana kijai Dadapan, mapan sanget genira maboer poeniki. - kijai prajogi sabar. (11) Pan kawoela joen njoba roemijin, metoekaken dagmabeng poenika, manawi sae kadjengé, woes karsaning Hijang Agoeng, kijai Modjo kendo kijas niki, mangkana ki Dadapan, loemadjeng mring ngajoen, ngawé-awé kangnganira, Kapitan Koes mangkana noelija nimbangi, sampoen sanija papanggijo. (12) Noelija sanija sing reh kang pradjoerit, Karnelé Bron apan noelija panggijo, kalawan ki Modjo mangké, dadijo woes sae ikoe, sareng daloe ki Modja iki, njipeng Waringin ika, Karnel njipeng ikoe, ning bèteng Selem mangkana, sareng éndjing ki Madja dipoen atoeri, mring Kaloben bitjara. (13) Woes dilalah karsaning Hijang Widdi, kijai Modja gampang manahira, pan woes tan winarno mangké, mangkana kang winoewoes, Sri Narendra miarsa warti, kalamoen kijai Modja, mring Kaloben ikoe, langkoeng ngoengoen ing kijaskra, mring pradjoerit ing kang kinèn kaemoek sami, lawan kang mardikan. (14) Pitoeng dinten pan antawis niki, Sri Narendra apan noejoe lenggah, ning soerambi langgar mangké, ing kang sa-

p 78.

wan ning ngajoen. Badaroedin lawan Barmawi,
Poetoet lawa kalawan, Djajanagarékoe, ngraosi
mring mangkoejoeda, lawan sagoenging kang
sanija toemoet iki, andangae ngèlminira.
(15) Mring Barmawi lawan kadji Nardji, apa ing-
soen lan alèh doeraka, sabab kang loemakoe
kabèh, mapan parentah ing soen, kadjabané
ki Nadjo iki, pan karepé pri badijo, barmawi
koeripoen, kadas baben pra milanja, sabab-
sampoen padoeka dawoeh ken iki, radi ing lam-
pahira. (16) Pan antara ~~mangkana~~ Nangkoejoeda
prapti, mapan lawan Sèh, kadji Noessapa, -
melangi Wanakramané, kagijat Sang Nata
doloe, gijo ing ngawé sakawan sami, loemadjeng
ngaras pada, sanijo nangis ikoe, Sang Nata
angles kang drija, lan ngandika waes pada
menenga dingin, mara sira toetoera. (17) Pan
p79 sakawan sanijo atoer neki, lāmoen tiwas-
dalem sadaja, waes katoer sanis karané, -
mangkana ki Nadjékoe, mapan wonten-
Soerakarta ki, kadji Daellatip prapta sa-
nija nangis ikoe, ~~Sang Nata angles kang-~~
~~drija, lan ngandika waes pada menenga~~
pan sarenti datengira, Sri Narèndra sama-

na ngandika aris, waes djana kang rinasa.
(18) Pan gantoengan wong neng donja iki, begdjo
lara pati ara bakal, waes pada ngelija kabèh,
naelija loear Sang Praboe, kijai Madja waes ban
rinami, mangkana Sri Narendra, animbali i-
koe, mring Basah Prawira diroja, lan kang paman
Kangdjeng Pangèran Ngabèhi, sampoen prap-
ta ing ngarsa. (19) Sri Narendra angandika a-
ris, napan dangoe Bagalèn wartanja, Dijan
Basah atan atoere, sampoen padang sadaroem,
lanat toelah tan saged midjil, ingkang lang-
koeng keringan, Bagelèn sadaroem, abdi dha-
lem Basah tiga, napan amoeng Dijan Basah
Martanagari, kalamoen kèsah langlang.
(20) Lanat toeloh samijo ngineb kari, nadijan ing-
gih loemampah prijangga, lanat kalang koeng
kawoesé, Sang Nata malih nantoen, mring-
kang paman Djeng Pangran Bèhi, koela pa-
man jèn kèsah, mring Bagelèn ikoe, ngoepa-
dos Pangoeloe hika, Kalih daloe sampéjan
tengga ing wingking, kalih wajah sampéjan.
(21) Lawan Basah Prawira dirdjaki, pan sandi-
ka katiga toerira, Dijan Basah aris atoeré,
poenapa Djeng Sinoehoen, inggih boten moen-

doet pradjoerit, Sang Nata ris ngandika, woes
tan soesah ingsoen, ing boeri poma dèn jitno, -
mapan ingsoen aloenga tanpa karja ki, namoeng
wong djero kèwala. (22) Kang soen gawa lawan Ngab-
doel madjid, paman Praboe kabèh pan soen -
p. 80 tinggal, pradjoerit mang papat boé, lawan
Soerjaqamé koe, mantri djero Soeranatèki, la-
wan kabèh ngoelama, pan ikoe kang parloe,
arsa soen pilihi pada, lan ngoelama Bagelèn
endi kang dadi, projoga gentèn ana, (23) Nring
ki Madja kapangoelannèki, pan sadaja tan-
dika toeriro, èndjing noelija boedal Radjèng-
ki Djojatjopa ikoe, pan kinilar karsa Narpa-
ti, boedi anèng gedagan, lan medal loelipoen,
njai loerah Setjanoma, toer oeninga lamoen
Djojodjopa nangis, noelija kinèn noesoelna.
(24) Tan winarna Sang Nata nèng margi, sampoen
rawoeh ing Bagelen noelija, tigang daloe nèng -
marginé, masanggrahan Sang Praboe, anèng Mas-
djid ing kawis inggil, Bosoh Mastanagara, ti-
nimbalan sampoen, lan Daelah Gondakoe-
soema, apan sampoen praptèng ngarsanja -
Sang Ngadji, ismoe kangen Narèndra. (25) Gija
lenggah Sang Nata nèng Soerambi, ingkang

paman Praboe aneng ngarsa, lan Pangran Ngabdoel Ma'djidé, nijang kang ngoelama sagoeng, ing Bagelen woes samijo prapti, ing ngirid Radijan Basah, Martanagarékoe, lan Raden Gandakoesoema, noelijo noenggil ngoelami Bagelen sami, lan ngoelami Mataram. (26) Padjang Kedoe mapan sampoen noenggil, Raden Basah noenggil Poetoet lawa, lan Doelah Badaroedinè, lan toean sarip ikoe, Sampar wadi mapan anoenggil, Raden Gandakoesoema, Djajanagarékoe, dené sagoeng kang ngoelama, ingkang sepoeh Bagelen namoeng kakalih, nenggih kambengan wijar. (27) Seh Kastoeba Berangkal poenika, Seh Moehamad ingkang sampoen samijo, ginoeroe pro ngoelamané poenika kang tinantoen, nenggih dateng Sri Narapati, sadaja tjatjahira, kang ngoelama sagoeng, mapan satoes kawan dasa, langkoeng kalih ingkang dérék nring Narpati, Padjang Kedoe Mataram. (28) Ing Bagelen woes samijo tinari, atoerira pan sami kiwola, anenggih Moehamad Koesen pan kapenakanipoen, inggih kijai Pangoeloe ngoeni, Ibrahim ingkang swarga, woes pitaja toehoe, nenggih dateng

p. 81.

ngèlminira, lawan daweg sepoeh anèmipoen
mangkin, lan sampoen tan koetjiwa. -
(29) Lan ki Modja dadan kantoen jèktè, lawan
teksih taler Pangoeloenja, pan woes anoeroet
Sang Radjèng, wiring Pagoeng atoeripoen, wa-
oe ingkang para Ngoelama, mapan pinaring
nama, noenggak semi ikoe, anglir ki Pangoe-
loe swarga, mapan zama Pangoeloe Pekih I-
Brahimo, woes moekakat sadaja. (30) Goeng
Ngoelama mijang prasiwa sami, Raden Basah
woes kinèn wangsoela, daematang barisan ma-
nèh, samija soeka renanékoe, sabab taler Pa-
ngoeloe sami, lawa Raden Dipatija, Sang
Natawiratoewoes, neng Bagelèn apan lama,
sring meng - ameng dateng lèpèn Tjingtjing-
goeling, apan ningali baja. (31) Kang ngla-
dosi pan Doelah sataenggil, Raden Banjak-
widé namanira, lan Rangga Karanganjaré,
nenggih Rangga Motaoen, pan paenika ing-
kang pinandji, ngladasi Sri Narèndra, wiring
Djan Basah ikoe, kawarnaha ing Matarami,
pasanggrahan Pengasih kinèdjoe iki, daema-
teng lanat taelah, (32) Pan aeninga jèn sepi Nar-
pati, pradjoeritnja lebet dèrèk samija, marma

lanat poeraun mangké, Raden Basah poeni-
koe, pan katoengkoelan Pangran Bèhi, kalih
mapan tan ojana, jèn lanat poenikoe, ing Se-
manggèn daloe mangkat, nring Pengasih ka-
langkoeng dènira demit, djàwah sanget pe-
tengrija. (33) Pangran Bèhi mapan baris neki,
nèng kjèpoeri Dijan Basah Prawira, dirdja-
maksih nèng pondoki, lan pradjoeritipoen,
lamaun siang angang lang iki, marma sanija
kanjòna, sabab lanas ikoe, waes lami tan me-
dal joeda, lan Dijan Basah kang dados ètja-
ning galih, sabab Kangdjeng Pangéran-
(34) Barisira aning ngadjeng iki, anandihi Pangran
Pakoeningrat, lawan Djajanagarané, Djaja-
pideksa ikoe, lanattoeloh langkoeng asandi,
saben daesaun kamargan, jèn tinaken ikoe,
mapan ngaken pradjoeritsija. Pangran Bèhi
jèn koendoer dateng Pengasih mapan aen-
ningandika. (35) Marmanira lampah vja les-
tari, bareng wektoe soeboeg praptanira, aning
ing Pengasih mangké ingkang tengga poenikoe,
Pasanggrahan Pengasih iki, Pangran Dipana-
gara, lagijo salat soeboeg, lan tagoeng kang
kenit sanijo, ~~Dj~~ djàloe istri mapan lagijo

p. 82

solat sami, langkoeng tan wonten njana.
(36) Lanat toelah sareng prapta iki, ladjeng ngedril samija goegoep ika, sadaja tamboeh-polahé, apan ladjeng kinepoeng, Pangeran Dipanagara iki, nanging parmaning Soeksma, pan sadaja ikoe, samija wal saged loemadjar, nanging Radjabarana kang sirnaenting, ing Pengasih sadaja. (37) Pan ngantos saged angapeni, saking déning sanget koewaeriza, gangsal kang prapta sabilé, kabedah ladjeng ngamoek, mantri sepoeh wastanirèki, pan Mas Praba leksana, lawan ngampil ikoe, wasta ki Darmataroena, saanaknja nong song Prijo lekda iki,
p.83 anangring djadjar sadaja. (38) Napan noedjoe samija kimit iki, Raden Basah sareng nijarsa warta, goegoep ladjeng namboer agé, pradjoerit apan sagoeng, langkoeng kagijat kasesasami, sabab tan wonten njana, sanget indjingipoen, lanat sareng mijarsa, tamboer moeni lawan salompretnja moeni, ladjeng tata barisnja; (39) Raden Basah Prawiradirdjèki, ladjeng boedal tan ngantos samekta, pradjoerit ~~nèki~~ moeng saanané,

kang kantoen tamija noesoel, saking sanget
kasetanèki, nenggih Rahaden Basah, lang-
koeng adjrih ipoen, roemaos kalamaen tiwas,
tigang atoes pradjoerit kang sareng iki, tina-
ta oeroet marga. (40) Sareng prapta ladjeng-
nempoeh, nempoeh djoerit, langkoeng ramé,
lanat katah kang pedjah, Islam saja katah-
mangké, ing kang prapta anoesoel, lanat mawoe-
doe prangnja kalindih, Pangran Behi winar-
na, pan sareng mijarsèkoe, jèn Pengasih ka-
lebetan, dening lanat mapan langkoeng a-
djrih nèki, roemaos lamaen tiwas. (41) Dené
ngantos kababalan iki, ladjeng namboer la-
wan mijarsa swara, sandjata Pengasih ramé,
nging besmèn tan kadoeloe, Pangran Behi
moelija noetoeti, lan Pangran Pakoeningrat,
Tjokronagarikoe, Djajapideksa winarna, la-
nat toelah ing kang kaboedjeng ing djoerit, la-
djeng kapetaik marga. (42) Nenggih lawan Pa-
ngéran Ngabèhi, ladjeng tjampoeh wingking
kinoetoetan, si lanat langkoeng bingoenge,
kekètjer batangipoen, ginja ngrajah pan
katah iki, tinilar toeroet marga, sing ka-
gesanipoen, waoe dènira loemadjar, eneng-

ena lanat wus datan winarni. kawarnoha
Dijan Basah. (43) Sampoen panggih lan Pa-
p 84 ngeran Bèhi, Pangran Dipånagara katiga,
pan ngraos tiwasé, dené pradjoerit ikoe, a-
pan tiga kang sanija sabil, lang koeng la-
bet kalih welas, nanging lanat ikoe, pan
lang koeng dènja kasèsa, marmanira datan
ngantos ambesmèni, ing Sengasih poenika.
(44) Tiga sami rembag atoer oening. lamoen tiwas
dènja sami tengga. pasanggrahanja Sang Ra-
djeng, kan winarna wus katoer, ingkang soerat
dateng Narpati; Sang Nata apan noelija, sing
Bagelen koendoer kan winarna rawoehira, ing
Sengasih sang saja tjabaning Widdi, datengi-
ra Sri Naranata. (45) Radèn Basah Prawiradir-
djåki, manggoeng bajak doemateng Narèndra,
jåtra bandar sadajané, mapan kedah kasoe-
woen, sagoenging prang dipoen sagahi, lan
malih panoewoennjå, Radèn Basah ikoe, Ra-
dèn Dipati Danoerdja, nenggih lawan Radèn
Basah Ngabdoellatip, wantena ngarsa Na-
ta. (46) Lawan sagoeng pradjoerit kirèki, pan
sadaja kasoewoen panika, Basah lan pra
Dipatiné, ingkang parèntah sagoeng, kang

pradjoerit kasoewoen sami, Sang Nata èsmoe-
kéwran, mangkana noeljèkoe, animbali mring
kang paman, Pangran Bèhi lan Pangéran Ngab-
doelma'djid, Mas Pangoeloe kalawan. (47) Neng-
gih Doelah kadji Badaroedin, Poetoet lawa lan
Djajanagara kang sowan ngarsa Sang Radjeng,
lan ngandika Sang Praboe, mring kang paman
Pangéran Beli, pan kados poendi paman, lan
èwed poenikoe, lamaen tiang njèpeng pedang,
dipoen sambi njèpeng arta kados poendi, poena-
pa lan kapiran. (48) Pangran Bèhi mangkana
koer nèki, apan sampoen lan kirang kawoela,
nging mekta dreng panaewoené, jagah ka-
doegi sampoen, mapan ngrangkep kang da-
mel kalih, jektosipoen poenika, sing maeri-
nanipoen, dateng kagaengan Narindra, sa-
bab katah lan kantenan damel nèki, wonten
adi Danoeredja. (49) Basah neda kawis angsal-
nèki, nilanipoen kasoewoen sadaja, nijang
bantoe makaten manih, ingkang Boepositsa-
gaeng, mapan katah kendo prang nèki, adi Da-
noeredja kirang, ing pamerdinipoen, dené pa-
doeka Narendra, ing ngadoeran dahar da-
teng Basah nenggih, tigang èwoe sawoelan.

p. 85
*

(50) Sri Narendra mesem ngandika ris, kados poendi paman prajoganja, Pangoeloe Ngabdoel Rakdjidé, Badaroedin tirèkoe, pan sadaja samija kaenèki, prajogi tinaeroetan, mapan mindak kjoekoep, poedaeka Dji kang roenceksa, lawan rikoeh jèn tebih Radijan Dipati, tan tae sawangira.

(51) Kang djoemagi ing karsa Narpati, pan Pangoeloe patih lawan Djaksa, lan Basah satoenggal mangké tan kirang sawangipoen, pan sadaja atoernja sami, Basah Prawira dirdja, tan kiran tijasipoen, mangkana Sri Naranata, sareng nijorsa sadaja atoernja sami, anesem aris ngandika. (52) Jèn waes mangkono rembaggirèki, Badaroedin sira dawoeh ena, Basah Prawira dirdjané, jèn waes kalilan ikoe, sabarang ing panoewoenèki, déné tjaosanira, ija marang ingsoen, teloeng ewoe sabet tanggal, soen tarima nanging saka karsa mami, namoeng sewoe kéwola. (53) Akeh-akeh tan ana karjanèki, lawan sapa ingkang gentinana, mring Danoeredja barisé, lan Ngabdoellatip ikoe, Badaroedin lèngser sing ngarsa, tan winarna waés panggija, lan Djan Basah ikoe, waes dinawoehan sadaja, Raden Basah langkoeng soeka manah nèki, mang-

p.86.

kana atoerira. (54) Inggih hoewa lamoen woes marengi, Sri Narindra panoewoen kawoela Kang djeng Pangran Bèhini, baris sawanten kidoel kang gentosi Basah Doelatip, dené Radèn Dipatijo kang gentosi ikoe, Pangéran Soemanagara, lawan koela noewoenaken, nama singgih, Basah Pangran poenika. (55) Dené hoewa kawoela pribadi, poendi-poendi sadaja kang awrat, koela kang soesoeng badéné, rèroes noelija hoematoer, Badaroedin mring Sri Boepati, saatoernja Djan Basah, tinoeroetan sampoen, Djan Dipati tinimbalan, lawan Basah Ngabdoellatip sampoen prapti, ring Pengasih sadaja. (56) Ing Pengasih saja katah djanmi, sabab sampoen kang poetra santana, lan Boepati midji kabèh, aning Pengasih kaempoel, Pangran Bèhi woes ngalih iki, baris sakidoel Jogijo, angdjengken ikoe, Semanggen maeng kantoen tiga, Pangran Pakoeningrat Djajanagaréki lawan Djajapideksa. (57) Lanatsoelah langkoeng ageng rèki, karjo pèteng aning Penanggoelan, kang poenggawa kasigané, datan koewawi ikoe, anadahi noelija koer oening, daemateng Radèn Basah, pan katoeng koel ikoe, anampani kang lapoeran, lawan arsa anjambi nata pradjoerit,

ngantos kaladjeng dadijo. [58] Ingkang bètèng kapijarsa Narpati, Radèn Basah pan ngantos kadoekan, gijò mangkat saking padoké, lan sapradjoeritipoen, noelijo baris ing sendang iki, pan sampoen djeng-adjengan, mawi lèt kalih doesoen, lan wanten poeroen madjeng a, noelija

p.87. noewoen Radèn Basah mring Narpati, Radèn Djojonagara. [59] Lawan Radèn Soesoet kawa iki, sakantjanja mantri lebet lawan, Prawira Tamtama mangké, gijò pinaringken ikoe, sampoen mangkat saking Pengasih, Radèn Prawiradirdjo, apan atoeripoen, badé ngantep ing ngajoeda, marmanipoen noewoen abdi dalem kalih, mantri lebet Tamtama. [60] Amrih adjrih sagoeng kang pradjoerit, Sèh Mochamad Ngoesman Alibasah, mapan sareng ing praptané, oeneng sendang sadaroem, kang Boekija mantri Djrò iki, Tamtama sareng èndjang, nembang kengarékoe, Dijan Basah Prawira dirdjo, lanat saloh panadjoe samijo djeng niki, apan kadijo semajan. [61] Samijo kèh ijo kan koe tjiwa sami, sareng prapta kraos atjampoeh joeda, mapan kalangkoeng ramèné, hoesar samijo sar panggoeh. Islam

darat tjampoeh pelangkir, mangkana kebo-
njabrang. lawan marga éwach, sing Pengasih
sasanderan, mapan api ing ngoetoes mring Sri
Boepati, kinen ningali joeda. (62) Apan ka-
tih tjaloentangan sami, kalangenan sami
getjoelira. Raden Prawiradirdjané, lawan Séh
Ngaesman ikoe, langkoeng adjrih sareng ningali,
daematang kebo njabrang, lawan marga éwach,
lamoen dinoeta Narpati, dadijo sagoeng prabi-
wa prati wa. (63) Mapan samijo angawaki djoerit,
woes nir baja pan tanpa wikara, Basah kalih
pangiridé, tan antara woes tjampoeh, lanat-
Islam dados satoenggil, sandjata mrijem he-
djah, kang prang samijo woeroe, moeng sang-
koeh lan waos ika, ingkang ladjeng angsal pi-
toeloenganing Hijang Widdi lanat ladjeng bela-
sah. (64) Bangkinira kedik ingkang oerip^{II} pa-
ngagengnijo lanat kan katjandak, Majar^{II} lan
Kapitané, kedik ingkang loemajoe, pan binoe-
roe ladjeng angoengsi, mandjing mring béteng
samijo, pan ladjeng kinepang, samijo poen
rinangsang pisan, dering aentoeng Dijan-
Doellah Soetoet lawa ki, kenging marijem kan-
kal. (65) Nanging angsal pitoeloeng Hijang Wid-

di, kan koemama Doellah Djajanagara, ké-
nging marijem koedané, ingkang wasta poen.
Djagoel, ladjeng pedjah Tam boema katri, kang
prapta sabil lalah, pan Pandji Sadaroem, kang
~~prapta lawan~~ maktih roeketira, mapan sam-
pijoeh lawan Majoor, Kapitan sami, dadija moen-
daer sanijo. (66) Dèreng oentoeng bedah bèteng
niki, mapan katah angsalnja bandangan, -
sandjata li lan kapalé, marijem satoenggal
ikoe, sadaja kang katoer Narèndra, namoeng
polèt gangsal apan warni-warni, apan woes
kan winarna. (67) Wonten Praga Pangeran Ba
sah iki, pan kalindih nenggih poedanira, la-
rat djengkar sabèteng, anèng Gemplang
poenikoe, Raden Basah Wiradirdjaki, kan poe-
toen sarbaeloenga, koemoenten poenikoe dadi
katèp ladjeng dadija, penanggoelan mapan
woes kan bèta midjil ingkang pinasah teng-
ga. (68) Pangeran Pakoeningrat den kantèni,
Djàjo pidekta Tjokronagara, binantokaken
mring Gemplang, Raden Basah katoengkoel
ngoedoer arta lan Dijan Dipati, dadijo Sri
Naranata sajàng ngles kijasipoen, roemaos di-

noekan Soeksma, sabab saben-saben noeroet
atoer niki, ingkang para Najaka. (69) Datan wan-
ten kang karsa pribadi, Kangdjeng Soeltan ing
daloe mijang siang, pan amoeng sihing Hijang
toe, nenggih lestarinipoen, dateng ingkang sa- p 89
bil loelahi, sadaja katrimaha, tinanja poeni-
koe, mangkana Sri Naranata, apan amoeng-
galih ing wekasaniké, sihing Allah kangala.
(70) Dateng ingkang samijo sabil sahid, pan sina-
moer naeng-anaeng Djeng Soeltan, datenging Te-
rajoe mangké, remen Masdjid Terajoe, ingkang dè-
rik maring Sjeh Ngoelama, sadaja pan sinilar,-
ing Pengatih ikoe, mangkana ingkang winarna,
kijai Madja sampoen wonten ing Betawi, mapan
kinèn kengkènan. (71) Atoer serat daemateng-
Narpati, Djendral De Bies naewaen kèndel ing
prang, anenggih ingkang kinèngkèn, ki Dadap-
pan poenikoe, kalawan kijai Hasan Besari, ka-
pitan Roep poenika, katah seratipoen, waes ka-
toer maring Sri Narendra, sinaesoelaken daematang
Terajoe iki, langkoeng ewa, kijai Mota. (72) Sagoeng
serat kang karsa ningali, ladjeng kinen manggo-
soelaken sadaja, dateng Radèjan Dipatiné,
lan Radèn Basah ikoe, dèné naewaen kèn-

seling djoerit, maringi Sri Narèndra, nging bi-
tjara sagoeng. Sang Nata woes datan karsa, mang-
ta barang Dijan Basah lan Dijan Dipati, Pa-
ngran Bèhi tiganja. (73) Nanging satoenggal weling-
nja Narpati, datan kenging lamoen ngèwah
ana, ajat katal parèntahé, ingkang hengoe-
koes panggah, nenggih lawan Raden Dipati,
Mas Pengaloe, pribadija, lan Daeloh poenikoe,
Badaroedin melangika, Pangran Soerja widjaja
sakawan sami, lengser sing ngarsa Nata.
(74) Sri Narèndra ladjeng ngenja poeri, mring
Pengasih pan woes tan winarna, poen Kapit-
an Roef atoeré, mring Raden Basah ikoe,
pan kawoela inggih wineling, mring Com-
p.90 missaris Djendral, idjeman poenikoe, kala-
moen pareng Sang Nata, sagoeng tanah kang-
wonten Residen iki, sadaja okantija. (75) Lan Ngoe-
lami dados sami-sami, sampoen wonten-
nenggih kang parèntah, Dijan Basah ka-
panggih, lawan Raden Dipatija, mapanta
panoedjoe, pepak kang poetra santana,-
mijang pradiwa Raden Prawiradirdjiki, nga-
koerkeri atoerira. (76) Kapitan Roef dadija
angatoeri. Mas Pengaloe sagoeng pro Ngoelama,

apan sampoen prapta kabèh pan samijo rem-
baggipoen, saé kataoer Sri Narapati, mangka-
na ladjeng sowan, sakawan poenikoe, waes prap-
teng ngarsa Narèndra, apan naedjoe lenggah-
langgar Sri Baepati, nèng Soeram bi poenika.
(77) Sampoen kataoer kang niskara sami, Sri Na-
rèndra mesem angandika, ja wis bener nanging
kasep, kalamoen ingsoen toeroet, ija ikoe we-
kasanèki, dadijo prang reboet donja, paran
polah ingsoen, jèn katemoe besoek kana, lan
kang pada waes prapta sabilloelahi, dingin
daek Djoha lanang. (78) Ora koerang kamoe-
rahan Widdi, soeka ika maksih pepak pada,
ingkang sabil daeraeng akèh, lan ingsoen bisa
ikoe malees marang nak poetoenèki, ingkang
pada tininggal, ingsoen dosan ajoen, karjo
pitenah mring bala, dadi samijo soemaoengkoel
tan saged iki, lamoen mahb mosoera. (79) Sri
Narèndra angandika malih, hih Danoerdja
lan Srawiradirdjo, sira wang sael lana dèwé, la-
jang Betawi ikoe, mapan ingsoen lan paman
Béhi, waes adjo sira aetjop, déné karsaning-
soen, pan waes ara awoh-awoh, mapan samija p. 91.
sandika atoernja kalih, pan waes dosan winaena.

(80) Djèndral De Kock mapan kintoen toelis, ma-
ring Dijan Basah Prawiradirdja, langkoeng an-
dap sesebaetané, ngadjak panggiané ikoe, lam-
moen pareng lan wektoe nèki, anénging pa-
nggoelan, lawan kirim pistoel, sarakit
dadijo Dèn Basah, geng tijasira mangkana
Sri Narapati, nimbali Radèn Basah. (81) Napan
ìwa sabab kasah iki, kang dèn èmper pra-
hing koh ing lanat, ing sabarang prating kahé,
marang Pradjoerit sagoeng, maeng satanggal-
kang kan ngawahi parentah ing Narèndra,
bae Djoemaengah ikoe, ing kang maksih kine-
kepan, pamardinja Dijan Basah miring salas
iki, gangsal wektoe kan ìwah. (82) Sri Narèndra
kang dados tijas nèki, maeng sataenggal da-
teng ing kang poetra, Dèn ajoe Goesti Basahé,
~~maeng sadaenggal dateng ing kang poetra, Dèn
Ajoe Goesti~~, mapan kinilaz ikoe, iring kang
raka marma Narpati, kalangkoeng dènja
welas, waes lami kinantoen, krama daimateng
Narèndra, ijoden karsa malah asring moe-
waen iki, kemaetan miring kang raka. (83) Mila
sangit Sang Nata amardi, kramanira ijoing
kang poetra, sabab waes soemedijo Radjeng.-

tilar donja poenikoe, kanikmatan donja lan
tolih, moeng marang kalanggengan, kang da-
das pijasipoen, lan noewoen marang Hijang
Soeksma, lestarine sihing Hijang bendjing ing
ngakir, mijang marang gaenging samijo.
(84) Wadijo Islam kang nglampahi sabil, lawan sa-
hid moega narimoha, soebhana hoe tangalane,
daematenging imanipoen, noelija ana parmaning
Widdi, Dèn tjoe Gaesti Basah, nring kang ra-
ma noeroet, langkoeng soekoer nring Hijang-
Soeksma, Sri Narèndra noelijo kenèn anumboli
Basah Martanagara. (85) Basah Ngrema kang ki-
nèn gentèni, ingkang raji Dijan Gandakoesoe-
ma, mapan woes dinawoehake, ingkang sanis-
kara sagaeng, nenggih dateng Radèjan Dipati
Danoerdja, marang Basah Prawiradirdjo prap-
ki, pan ladjeng dinawoehan. (86) Mapan kinèn
sooe anumboli, ja nring Basah Martanagara,
woes winarsan niskarane, ing karsa Sang Si-
noehoen, Radèn Basah langkoeng bijas nèki, sa-
nget angarsa-arsa, sanès dawahipoen, wekas-
an medal kijasira, dadi betjik Basah ing Ba-
gelèn iki, lawan Basah Mataram. (87) Dalan-
sanès lan Radèn Dipati, opan maksih ~~kèsoe~~-

p-92

darbé poetra djôka, lan Pangran Ngabdoelma-
djidé, samijo gela tjasifaen, nanging kan-
toen kalahir iki, pan samijo ngarsa-arsa,
mongkana winoewoes, Dijan Basah Prawira-
dirdja, mapan ladjeng sowan Kangdjeng Ra-
toe iki, mring pasanggrahanira. (88) Sareng-
prapta pan dinangoe nacli, ap ana paran-
Basah sira prapta, Dijan Basah atoer sem-
bahé, mapan naewoen kapanggeh, wajah da-
lem pan moempoeng kenging, inggih wekasan
panggijo, bendjing lamoen sampoen, krama
kados baten soeka, ingkang gadah Kangdjeng
Ratoe ngandika ris, ing soen kan ngroengoe
warta. (89) Sapa ingkang bakal den paringi,
Raden Basah matoer ngemoe waspo, nenggih
Basah ing Bagelen, Djeng Ratoe Ageng ikoe,
ingkang waja dipoen timbali, Dijan Ajoe Goes-
ti Basah, sampoen prapteng ngajoen, Dijan
Djan Basah Prawiradirdja, ladjeng nangis soen-
moengkem pangkoniréki, einoet kang dadeng
warga. (90) Ian katiga samijo ngewaen néki, Kang
djeng Ratoe Ageng mring kang wajah, Djeng
Goesti Imam Basahé, mapan woes tan tjina
toer, kawarnaha waoe kang prapti, Basah-

p. 93.

Martanagara, woes kataoer Sang Praboe, karsanira Sri Narindra, ingkang kinen mangkoe Rahadijan Dipati, Basah Martanagara. (91) Kangdjeng Raden Ajoe Basah Goesti, ingkang kinen mangkoe waoe ika, Dijan Basah Ngabdoellatipé, aneng Bendoengan ikoe, para poetri pepak an sami, pan Kangdjeng Panembahan, lawan Kangdjeng Ratoe Ageng kang nenggani ika, ning Bendoengan riwaesing pinanggih néki, mapan ladjeng ing ngarak. (92) Ing Pengasih nering Bendoengan iki, mapan roedjoe ing woelan Ramelan, tanggal kaping pitoe laré, poetra santana sagoeng, mijang pratiwa kang derek iki, pradjoerit mapan samja, andjadjari ngajoen, langkoeng katah djanmi nijat, mapan ngantos lamkahan sadinten prapti, samijo inggar tijasira. (93) Moeng Dijan Basah Prawiradirdjeki, ingkang datan katan taemoet ika, kalawan saprADjoeriti, woes tan winarna ikoe, kawarnaha Djendral paenika, nerangken bab panggian, Panangoelan ikoe, Radèn Basah wangsoellannja, ngadjak panggih aneng doesoen Taeroes iki, ladjeng tan kadadasan. (94) Noelijo taken pikadjenganeki, Radèn Basah apan wangsoelannja,

njarah mring Djendral kadjengé tigang praka-
wis ikoe, kendel lawan bitjanten iki, katiga la-
wan aprang, Djendral pan kinaeroeh, poenapa
sakadjeng sakadjengira, Djendral mapan Radèn
Basah kang nadahi, Djendral ladjeng milih -
prang. (95) Dadija ladjeng ngangkat prang ma-
lih, woelan Sawal kendel tigang woelan, Sang
Nata apan kartané, déné tanah Mataroem. Ra-
p 94 dèn Basah lan Pangéran Bèhi, kang kinèn na-
dahana, sagoeng ing prangipoen, Sri Narèndra
apan arsa, alalana pradjoerit kinilar sami,
namoeng bekta Boelkija. (96) Soera Nata Soerja-
gama iki, mantri djero pradjoerit Tambama, -
Djajèngan lawan hoesaré, mapan pangiridipoen,
Basah Ngoesman Basah Doelatip, lawan Ra-
dèn Dipasija, poetra santanèkoe, ingkang dérèk
namoeng gangsal, Pangéran Praboe lawan Pa-
ngéran Ngabdoerakim, Pangéran Dipanagara.
(97) Pangéran Hadinagara poeniki, Pangéran Soerja-
dipoera kalawan, Mas Pangoeloe sakantjané,
kang pra Ngoelama ikoe, sampoen boedal sa-
king Pengasih, mapan sareng kalawan, Pa-
ngéran Bèhi ikoe, boedal mring sakidoel Jo-
gijo, sawadijonja Radèn Basah kang ngeng-

geni, ing Pengasih poenika. (98) Tan winarna niska-
ranja sami, ingkang aprang woes rame sadaja,
kawarnaha Djeng Sang Radjeng, Bagelen sam-
poen rawoeh, masanggrahan ing Ranti iki,
oeroet sewoe marganja, animbali ikoe, Basah
ing Bagelen tiga, Raden Basah Gandakoesoema
woes prapti, Basah Ngabdoel Moehji ka. (99) Ra-
den Basah Prawirasoemeki, sampoen pang-
gih lan Raden Dipatija, samijo dinawoehan
mangké, lamoen Sang Nata ajoen, tedak ma-
rang ing gawang iki, wingking samijo dèn-
jitna, tengga kanahipoen, nging Basah Ba-
gelen tengah, Ngabdoel Moehji, kinarsak-
ken dèrèk iki, lan sapradjoeritira. (100) Déné
baeri sira kang ngapeni, lamoen ana moeng-
soeh ingkang prapta, kabeh pan Basah kara-
né, marang roemeksané koe, Basah kalih sa-
mija toer jèki, sandika tan winarna, Sri Na-
rendra ikoe, saking Ranti sampoen boelol,
lan sawadija koeswa kang dadijo pangarsi,
bajah jaeda kanaka. (1) „Sangkoer" Basah
Ngabdoel Moehji ika, mapan ingkang dadijo
pangarsané ki, pan sewoe pradjoeritipoen, sa-
palih kang bekta, tan winarna Sri Narendro

p. 95

CANTO 36
pp 134-167
128
verses]

sampoen rawoeh, ing Gawong sawadija koeswa.-
Toemenggoeng Gowong pan kalih. (2) Toemeng-
goeng Gadjah pramoda, lan Toemenggoeng Kar-
ta désa poeniki, noelija dinawoehan sampoen,
marang Radèn Dipatija, kinèn karja pasang-
grahan mapan ikoe, kang tjelak bèteng Sa-
poeran, sandika kalih taer nèki. (3) Tan winar-
na sampoen dadeja, pan ing wana Sraja was-
kanirèki, noelija lair oeninga sampoen, boe-
dal Sri Naranata, saking Patjoeng saha wa-
dija koeswanipoen, woes rawoeh ing wana Sra-
ja, tigang dinten wonten margi. (4) Kalawan
bèteng sapoeran, mapan samijo nenggih ka-
tingal nèki, namoeng elet djoerang ikoe, lang-
koeng pakèwedira, moeng koetjiwa tebèh ko-
jo teda ikoe, soesah sagoenging Ngoelama, ka
ngèlan ngibadah nèki. (5) Noelijo parmaning
soeksma, apan samijo manggih sendang pri-
badi, saben-saben padok ikoe, lan wong Ba-
gelèn samijo, ledok Gawong prapta wawadé-
janikoe, sabarang wonten sadaja, dasan ki-
rang teda sami. (6) Nangkana bèteng sapoer-
ran, langkoeng katah babantoe ingkang prap-
ti, lanat dadas kalih nikoe, nenggih baris-

sira. ing Sapoeran lawan ing Kedalon ikoe, mapan samija katah ira, Basah tiga rembagsami. (7) Sareng sinabed poenika, Basah Ngabdoel moehji dipoen bebahi, nginggahi sapoeran ikoe, lawan Gadjah pramada, Seh Mochamad Ngoesman Libasah poenika, nginggahi Kedalon ika, lawan Basah Ngabdoellatip. -

(8) Goeṭoetlawa Djonagara, karsanira waoe Sri Narapati, binantakaken poenikoe, mring Ngoesman Alibasah, sampoen dadijo ing rembagira sadaroem, mangkana endjing winarna, gijo nembang tengareng djoerit. (9) Soema~~tt~~hab kang wadija, sareng mangkat waoe kang Basah kabri, pan angliṛ waoe toemoeroen, sing ngarga panoedjoeka, lanatlolah mapan arsa minggah ikoe, mara kalih lampahira, kadijo waes karsaning - Widdi. (10) Kapetock neng Djalontara, Daelah Kadji Ngabdoel kadir ameling, daemateng ing Ranggamipoen, jen ing soen mengko prafka, sabillalah poma adjo sira reboet, kabeh kantjo poma - poma, dinain zoetok djitinmami. (11) Mangkana sareng katingal, mengsah ladjeng ngedrel lan mrijemi, wadijo Islam ladjeng nempoeh, Seh Daelah Kadji ika, Ngab-

p. 96.

doel Kadir mapan anradjang poeroen, Boelki-
ja lawan Tambama, mantri Djero ngamoek
sami; (12) Kadijo waes karsaning Soeksma, Doel-
lah Kadji Ngabdoel Kadir pan prapti, daema-
teng ing djandjinipoen, wantoe Seh Doelah i-
ka, Ngabdoel Kadir jèn oening nring lanat ikoe,
waes ilang kang soebasita, nirbaja tan wigah-wi-
gih. (13) Tan yas Prawira deksana, mapan Pan-
dji mantri lebet poeniki, pan sareng panga-
maekipoen, kalih poetoeng poetoeng watangnja,
pan koladjeng prapta ing sabillalah hoe, ri-
noeboeng nring lanat soelah, Seh Kadji Maesta-
pa oening. (14) Lawan Radèn Soetoet lawa ikoe,
sareng nradjeng sadaja, kasah pedjah lanat-
p.97. kalindih prangipoen, ing Sapoeran pan mang-
kana, prangnja Basah Ngabdoel Yaltji. (15) Ki-
rang kedik pan mèh bedah, bètèngira lanat,
waes gègèr iki, kang aneng djro bèteng ikoe, sa-
mijo soeka goeng katingal, saking pasang-
grahan Wonasarajèkoe, pan katingal kewala,
nring solohé lanat sami. (16) Mapan dèring
oentoengira, koedanira Basah soekoenja kalih,
kèngèng ing marijem rampoeng, pedjah Pan-
dji pan tiga, ingkang prapta ing sabillalah.

poenikoe, dadijo samijo moendoer ika, lawan-kasapoek ing wengi. (17) Mapan sareng aendoeri-ra, ingkang saking Djalansara poeniki, lawan ing Sapoeran ikoe, kanti bekda lajannjo, ingkang sabillolah Seh Doelah kadji ikoe, Ngabdoel-kadir gaeng Boelkijo, sadajo pan samijo nangis. (18) Lawan Mas Pandji poenika, mantri lebet Prawira-deksaneki, woes kasoer mring kang Sinoehoen, lan Pandji Baglen tiga, ingkang sabil lajan-njo samijo pinoendoet, dateng ngarsanja Na-rindra, sabab woes kadalan iki. (19) Pan ken-dil sadaloe samija, ingkang lajan neng ngar-sanja Narpati, mapan aroem gandanipoen, -mangkana sareng endjang, ladjeng kinen nga-katakeu lajan poenikoe, mantoek mring Ba-gelen tiga, Seh Doelah Kadji Doelkadir. (20) Pan-dji Prawiradeksana, sinoenan neng tanah Go-wang iki, Basah tiga rembaggipoen, joen ma-djeng matih ika, noelja ana lapoeran saking Mataroem, Dijan Basah Prawira dirdja, asoer ki-was tengga nagri. (21) Pasanggrahan Sri Narin-dra, ing pengasih sampoen risak poeniki, sa-gaeng repat dateng Koeloer, lan Kangdjeng-Panembahan, Kangdjeng Ratoe Ageng neng-

p. 98 Dawahan ikoe, tan ewah lawan kang wajah, ab-
dhi dhalem katah sabil.(22) Toemenggoeng Tjokro-
nagara, waoe ingkang prapta sabillalahi, lan
gangsal Ngabehinipoen, lan Pandji Tojagesang,
sampoen soeradigdaja lanat gaeng lampoes, -
mangkana sareng mijarsa, Sang Nata ngoengoen
kang galih.(23) Sagaeng pradjoerit Mataram nij-
ang prawira poetra santana sami, langkoeng
keron manahipoen, saleng sanijo mijarsa, jen
Sengasih apan sampoen risak ikoe, watir nok-
rob~~inipoen~~-nja ganijo, nging djrih matoer -
mring Narpati.(24) Mangkana malih prapta, se-
rat saking Basah kang wetan iki, koer oening jen
labet ikoe, kenging mrijem wentisnja, ladjeng
dawah saking koerangga pan lampoes, lawan
Raden Natajoeda, prapta ing sabillolahi.(25) La-
wan Toemenggoeng Sebara, Ondamochi risak koe-
narpaneki, dadijo Bagelen poenikoe, kang we-
tan pan kandjikan, dadeng lanat Basah Ngab-
doel Moehji ikoe, langkoeng keron manahira, pra-
djoerit Bagelen sami.(26) Mapan katah man-
toek ika, saking sanget koewatos tijasnja sa-
mi, Basah tiga sanijo matoer, daematang Sri-
Narendra, lamaen abdi dhalem pradjoerit poe-

nikoe, sampoen katah mantoek samijo, koewatos nak rabiniki. (27) Mangkana Raden Dipatijo atoer-ira dateng Sri Narendra, atanapi Mas Tengoeloe ngatoeri maoendoer samijo, nring menkawis sabab abdi dalem sagoeng, samijo sanget keronira, ning ngiki lan saged djoerit. (28) Sang Nata dahar atoernja, dateng sagoeng ingkang prasiwa sami, sareng indjing bidalipoen saking Wanasraja, aneng marga pan kapetoek serasipoen. Djan Ba-sah Gandakoesoema, ngatoerken sal-angsal ni-ki. (29) Bandang an tamboer gendera, lan salom-pret kang sandjata katah lit, marijem kalih poenikoe, karsanja Sri Narendra, pinaring-ken malih kinen bekta wangsoel, mring Ba-sah Gandakoesoema, mangkana woes san wi-narni. (30) Sang Nata woes rawoeh ika, ing Ba-gelen masang grahan Narpati, aneng Keraja poenikoe, ngasokaken kang wadijo, Basah Gandakoesoema karja Sang Praboe lan Ba-sah Ngabdoel machjika, mapan kinen angopeni. (31) Mring Bagelen ingkang wetan, sabab Basah ira pan maksih sakit, pan amaeng wakil Toe-menggoeng, lan pi kadjeng Narendra, risawoes nja Sang Nata gijo boedal ikoe, mijang sagoeng

p. 99

sawadija koeswa, koendoer doemateng Matawis.
(32) Sampoen prapta ing Mataram, masanggrahan
ning patian Narpati, Basah Prawiradirdjèkoe
lawan Pangeran Basah, tinimbalan kalih-
sampoen prapteng ngajoen, dinangoe ing kang
niskara, sampoen katoer sadajaki. (33) Sri-
Narèndra angandika, paran ~~bisa~~ sira bab-
ing aprang poeniki, jèn woes ta kadoega ikoe,
angoer pada matoera, karoehané moempoeng
maksih djembar ikoe, Dijan Basah Prawi-
radirdja, mangkana ing atoer nèki. (34) Roemi-
jin mijang sapoenika, nadijan tilih wewah a-
mangsah malih, jèn taksih gesang poekoelaen,
mangsa ka soeminggaha, Sri Narèndra aris
angandika aroem, hèh ijo Prawiradirdja, ka-
lamoen njata sirèki. (35) Saen djaloek pra-
tandanira, Basah kalih sandika atoer nèki,
sampoen lengsèr saking ngajoen. Basah Pra-
wiradirdja, lawan Pangran Basah Soema-
p.100 nagara koe, mangkana woes tan winarna, -
sareng Senèn iki. (36) Dijan Basah Prawiradir-
dja, lawan Pangran Basah Soemanagari, -
woes boedal sawadijanipoen, saking Gentan poe-
nika, sarta gitik lanat ingkang baris ikoe,

ing Pager kapareng noelija, apan kapetoek ing
ngardi. (37) Dadi tanija kadjengira, lanat toe-
lah harsa nring Gentan iki, dadijo tumi ka-
djengipoen, kapetoek sela belah, ladjeng tjam-
poeh langkoeng ramé swaranipoen, sandjata
lir hardi bentar, ladjeng roekit ing ngadjoe-
rit. (38) Peteng koekoesing sandjata, lanat Is-
lam sampoen wor djoerit niki, mangkana-
karsa Hijang Agoeng, Basah Prawiradirdja, ma-
pan labet kenging mimis baoenipoen, da-
dija kalindih prangira, sagoeng wadija Islam
iki. (39) Kalawan Pandji Waning prang, soema-
léka kendang gaemoeloeng sabil, sadaja lanat
pradjoerit djadjar poenikoe, ing kang sabil-
sadjajo, lanat pan katah kang sanijo lam-
poet, kaboerae Islam joedanja, mangkana
gijo den kaeloengi. (40) Nring Doellatip Ngali-
basah, woloeng dasa Djajengan kang pradjoe-
rit, mapan sareng adjengipoen, lanat wegah
kijasira, sabab sampoen katah pedjah kandja-
nipoen, Kapitan Roep satoe ika, kalawan-
Majoririki. (41) Dadija sanija oendasira, na-
nging Islam angsal bandangan iki, Walanda
getang poenikoe, satoenggal namanira, pan

poen Jacop samana toer oening sampoen, da-
keng Kangdjeng Sri Narèndra, lamoen Radèn Ba-
sah kamin. (42) Kenging nimis baoenira, pa-
sah nanging boten dados poenapi, dèné kang
misèsa Djan Basah, panoewoenipoen, doema-
p 101 keng Sri Narèndra, nenggih Pangran Ngab-
doel Madjid. (43) Kalilan woes tan winar-
na, kawarnaha, Kangdjeng Pangeran Bèhi,-
napan sanget gerahipoen kandoel nring ki-
lèn Praga, dadijo sagoeng pradjoerit dèrèk-
sadaroem, mijang Boepati kidoel Jogijo-
Sang Nata karsanirèki. (44) Kang misèsa kidoel
Jogijo, pan winang soelaken malih poenikoe,-
nring Radèn Djojonagarèkoe, Toemenggoeng
kidoel Jogijo, mijang pradjoerit woes pinaring-
ken sadaroem, nring Radèn Djojonagara la-
djeng kinen mangkat noeli. (45) Saking sakilèn
Praga, Radèn Djojonagara boedal noeli, mijang
sagoeng kidoel Jogijo-koe, Doelah Reksosendo-
ra, Radèn Djawinata, Onggawinata-kramèkoe,
lan Toemenggoeng Baoesoeda, woes prapta ki-
doel Jogijo ki (46) Ladjeng baris pitan Ngapak,
kawarnoha nenggih Sri Narapati, salaminja
sakit ikoe. Basah Prawiradirdja, kang pra-

djoerit sawijo kendo djoeritipoen, lan wonten
atoer woeninga, lamoen lanat badé prapti.
(47) Kornèl Salwèn kitindihijo, badé njabrang da-
teng sakilen pragi. kang baris Sajangan ikoe,
mangkana Sri Narèndra, noelijo boedal saking
ing Palian ikoe, mantri djero lan Boelkijo,-
kang moengging ngarsa Narpati. (48) Sèh Doel-
lah kadji poenika, Ngabdoel kadir pan tam-
poen dèn soetihi, anenggih Sèh kadji Mansoer,
pinaring nama Doelah, dadijo sisih ira kadji
Moestapékoe, Mas Pangoeloe moengging woentat,
mijang sagoeng kang pra Ngoelami. (49) Soerana-
ta Soeragama, sampoen rawoeh ing ketjoebang
Narpati, ladjeng masanggrahan ikoe, ning Ke-
tjoebang Demangan, Raden Basah Martana-
gara poenikoe, kalawan Raden Dipatija, noe-
soel apan sampoen prapti. (50) Lan ngirid
Boepati magang, ing Bagelèn apan sakawan
iki, sapradjoeritipoen, kala wektoe poenika,
langkoeng ageng kang tjaba mring Sinoehoen,
Boepati katah saloja, kalawan Basah ki-
rèki. (51) Nanging Kangdjeng Sri Narèndra, ma-
pan sampoen kan ningali kakalih, marma-
poenapa koeripoen, pra wadija kinoeroeban,-

p.102

ngger sagah mengsah lawan lanas ikoe, Basah Ngabdoellatip prapta, lawan sapradjoerit-nèki. (52) Ladjeng kinèn baris samija, aneng Galoer lawan Radèn Dipati, kang moenggèng ngarsa Sang Praboe. Basah Martanagara, lawan Ngoesman Libasah kang baris ikoe, ananging wates poenika, nenggih Pangran Ngabdoel Madjid. (53) Lawan Pangran Pakoeningrat, miwah sagoeng waoe ingkang pradjoerit, Prawiradirdja sadaroem, samana kaoenggahan, lanas koelah apan sareng praptanipoen, wates lawan Galoer ika, samana pinitoek djoerit. (54) Langkoeng rame wing ngajoeda, sandjata lit baroeng marijem sami, Sang Nata marma tijasipoen, marang Radèn Dipatija, sabab kedik ingkang pradjoerit poenikoe, ingkang katah namoeng magang, lawan Basah Ngabdoellatip. (55) Pradjoeritnja moeng Djajèngan, apan kapalan walaeng dasa poenikē, Sèh Ngoesman Libasah ikoe, kang kinèn soesoe loenga, sakantjanja pradjoerit boelkija sagoeng, lan Basah Martanagara, mapan kinèn toemoet iki. (56) Déné ingkang kinèn dihan, mantri lebet lan Soeranata iki, Soer-

jegama boedal sagoeng, saking ngarsa Na-
rendra, ingkang ngadep namoeng kantoen
Mas Pangoeloe, sakantjanja pra Ngoelama, lan
poetra santana sami. ‖ (57) Basoh kalih sampoen
prapta, pan ing Galoer panggih Raden Dipa-
ki, Sri Narendra harsa daeloe, saking Ketjoe-
boeng boedal, lanat koelah dadan saged nja-
brang Galoer, dadéja namoeng prang sandja-
ka, sabab dadan saged malih. (58) Njabrang
let lèpèn poenika, lanat Islam maeng sandjata-
nan sami, mangkana ingkang winoewoes, kang
aprang wates ika, Pangeran Ngabdoel ncadjid pan
kalindih ikoe, lawan Pangeran Pakoeningrat,
nanging tan atoer hoedani. (59) Oadoerira tan
katingal, mapan sanijo kalingan daesoen
iki, wadijo Islam apan sagoeng mandjing
mring padoesoenan, lanat koelah tangkoeng sa-
nget sagedipoen, tan mawi besmeni grija,
marma ingkang perang iki. (60) Ing Galoer ma-
pan tan njana, lamoen Islam kalindih joeda
nèki, sanijo njana lamoen boedjoeng, sabab
tan besmi grija, lan sandjata apan sam-
poen kendel dangoe, marmanira sanijo étja,
dènira sandjatan iki. (61) Nangkana hoesar-

p.103

katingal Sri Narendra dangoe ning gamel sa-
mi, lawan panakawan ikoe, sadaja atoerira, ki-
jang ngili akerig maesanipoen, saking sanget
panasira, marmanja datan kasawis.
(62) Lingsir kilen wajahira, awit endjing waoe
dentra djoerit, hoesar mapan prapta sam-
poen, samija kagijat sadaja, Mas Sangoeloe
hoematoer doemateng Sang Praboe, kalamoen
poenika hoesar, Sang Nata dipoen atoeri. (63) Moen-
doer sagoeng hoesar samija, boedjaeng sarta waoe
anjandjatani, nanging parmaning Hijang A-
goeng, samija loedjeng sadaja, sagoeng ingkang
derek doemateng Sang Praboe, Dijan Dipati
kang winarna, lawan kang Basoh kakalih.
p.104 (64) Sareng nijarsa poenika, lamoen wingking ra-
mé sandjata moeni, samija lang koeng ka-
gijatipoen, waes narka jen Narendra, dadija
samija lang koeng koewaer manahipoen, noe-
lija sami moendoer ika, sedijo soelang ning
Narpati. (65) Waes nir sagoeng kang babaja, sa-
reng moendoer noelija kapetoek sami, kala-
wan hoesar sadaraim, ladjeng sjampah kang
joeda, koewel kolas hoesar lanat kedik ikoe,
hoesar ingkang maksih gesang, kinoeloengan -

mring pelang kir. (66) Lan kang saking Galoer ikoe, sampoen njabrang, lanat ladjeng ngebijoeki, Islam karoban naming sach, kalan kang bingoeng ira, ladjeng moendoer Islam kalindih prangipoen, binoedjoeng mring lanat kaelah, nanging parmaning Hijang Widdi. (67) Islam dereng bentoengira, apan kedik kang prapta sabilniki. Sadaja namoeng salikoer, pradjoerit Baglen samijo, kang satoenggal anenggih patihipoen, Raden Dipati Danoerdja, lanat katah ingkang mati. -
(68) Noelija sapih ingkang joeda, mapan sampoen nenggih kasapoet wengi, lanat ladjeng samijo moendoer, mring parnah sawang-sawang, lawan bekta mring bangkéné rowangipoen, namoeng kang ageng kewala, kang alit kinilar sami. -
(69) Islam katah angsalira, kang bandangan koeda haesar pan sami, mangkana ingkang winoewoes, Raden Djajanagara, dénja baris neng gegersakandjanipoen, lanat daelah mara tiga, wose dénira ngangkahi. (70) Mas Daelah Rektasentika, mapan kinen metoekaken poeniki, mengsah saking wétan ikoe, Toemenggoeng Djawinata, metoekaken ingkang saking lar poenikoe, ingkang sagoeng lanat kaelah, mapan sa-

king kilèn iki. (71) Apan pinetoekken ika, da-
p.105 teng Raden Djajanagara nenggih, lawan ka-
dji Amad nikoe, Toemenggoeng Baoejoeda, la-
djeng tjampoer pan sanget karoban moengsoeh,
nging Raden Djajanagara, wirang jèn moen-
doer oerip. (72) Lan Toemenggoeng Bajoejoeda,
kadji Amad pan woes soemedijo sabil, pradjoe-
rit Tamtama ikoe, golang pangamoekira, lang-
koeng ramé pan woes karsané Hijang Agoeng, Ra-
dèn Djajanagara ka, prapta ing sabil lolahi.
(73) Kalawan Sèh Kadji Ahmad, lan Toemenggoeng
Baoejoeda, poeniki, pradjoerit tamtama ikoe,
sadaja ingkang bela, Bajoegjoeda mapan tiga-
bélanipoen, sanijo isak kang koenarpa, la-
nat soeloh kasah mati. (74) Mas Daelah Reksa
sentana, lawan Raden Djawinata poeniki,
saged boeroejoedanipoen, wangsoel nring geger
sanijo, lanat soeloh sadaja pan sampoen moen-
doer, ladjeng anjoeni sanijo, kang prapta-
sabil lolahi. (75) Ladjeng ngatoeri oeninga,
nring Narendra pan woes dadan winarni,
Sang Nata aneng Wanagoeng, gènira ma-
sanggrahan, pan sadina-dina gènira prang
poepoeh, lanat soeloh lawan Islam, kèndel

lamoen daloe iki. (76) Dadijo Sang Nata prijangga, kang nindihi salaminira sabil, Basah prawiradirdja koe, lan Pangran Ngabehi ka, marmanira datan kendel kang prang poepoeh, Mas Doellah Soeramastopa. Toemenggoeng Karkijo sabil.
(77) Kalawan Pandji Djajèngan, Djajengsinom nenggih waskanireki, mapan prang koeloer poenikoe. katah lanat kang pedjah, prang sadatan mangkri lebet sabil ikoe, kijai Poetoet Soemanda, kalawan anakireki. (78) Lawan Prawiradjatmika, sadèrèknjo Prawiragen dèrèki, kang sabil sakawan ikoe, anak sadèrèk samija, lanatkaloh apan katah ingkang lampoes, mangkana sagoeng prawira, atanapi kang pradjoerit. (79) Sampjan noewoen mring Narèndra, aso saban sanget pajah pan sami, aprang sampoen lami ikoe, kan wanten kendelira, Sri Narèndra apan welas dadijo noeroet, ladjeng minggah dateng ngarga, ing Prema wastanireki. (80) Mangkana ingkang winarna, Pangran Bèhi gerahnja dangan sami, lawan Raden Basah ikoe, Prawiradirdja noelija, kalih noetoel daimateng ingkang sinoehoen, lawan Kangdjeng Panembahan, waes propsangarsa Narpati, (81) Apan waes datan wi-

p. 106

(84) Ingkang kapalan, Ladjeng ngĕdril bareng wani. (85) Kawuri sagung kang kapalan, dadya...

narna, doek samana pitoeng dinten antawis,
masanggrahan Tjrema ikoe, kawarna lanat-
toelah, noelija minggah mapan langkoeng a-
gengipoen, Sri Narendra angandika, ming-
kang paman Pangran Dèhi. (82) Lan Basah-
Prawiradirdja, mapan kalih samijo kinen soe-
mingkir, dèreng dangan pisan ikoe, manawa
kamboeh samijo, lan pan sara lanat talah-
prapta sampoen, Sèh Ngoesman Libasah noelijo,
kinèn nantang gaeng pradjoerit. (83) Kalawan
Pangeran Basah, Sèh Moehamad Ngoesman Li-
basah iki, pan dadijo pangiridipoen, sagoeng
pradjoerit darat, Pangran Basah Samanaga-
ra poenikoe, mapan pangirid kapalan, Narin
dra ingkang nindihi. (84) Lawan Kangdjeng Pa-
nembahan, wadijo Islam gelarnja sampoen da-
di, njiloeman gaeng darat ikoe, kapalan kang
katingal, lanat talah sareng amijarsa ikoe,-
pradjoerit ingkang kapalan, (85) dadijo lanat-
langkoeng ageng kijasneki, mapan sareng-
inggahipoen, sapalih winaroa, Sèh Moeha-
mad Ngolibasah Ngoesman ikoe, anoelijo nga-
bani ika, Islam ladjeng nempoeh wani.
(86) Pan wakiten mawi sandjata, namoeng waos

omission end 84 Begin 85.

p.107

samija gaeng Islam iki, nir baja pangamaeki-
poen, pan saring panempoeh uja, lanat salah
dadija langkoeng kadijatipoen, katah kang ka-
tjempoeng djoerang, ing kang ninggah telas ma-
ti. (87) Asampoek bangkeni lanat, ing kang-
niba djoerang lanat keh sami, mati poesoeng
soekaenipoen, kang wingking katah prapta, la
nat salah nging tan soged ninggah ikoe, pan
ladjeng ninger sadaja, lanat salah inggah ne-
ke. (88) Dan kasoepoet daloe ika, Sri Narendra sa-
gaeng kang wadijo sami, pan woes dinawoehan
maindoer, sagaeng kang wadijo Islam, sampoen
moendoer mangkana ing kang sinaewoes, Seh Moe-
hamad Ngaesman Basah, prapta ing sabil la-
hi. (89) Mas Doelah kadji Mansoera, lan Mas Dan-
dji Soerasoerkijo sabil, lawan ki Djakarijakoe,
ing Tegal wismanira, ~~lanat~~ anak uja tiga sa-
reng sabilipoen, kawarnaha Seh Moechamat, Ngoes-
man ing sabil rèki. (90) Dan woes sinedja ing dri-
ja, lan woes sanget ing sipoeh rèki, kalangkoeng
ilok poenikoe, kodratira Hijang Soeksma, -
Kang djeng Pangran Ngabehi oening poenikoe,
jèn Seh Moechamad Libasah, katingal salat
poeniki. (91) Dan moeng ging ngingiling sila, -

tengah lèpèn pan malih wonten oening, jèn Sèh Mochamad poenikoe, kotingal lagijo mlampah, oeroes lèpèn lan mandi lawoengirèkoe, astanira ing kang kanan, kang kèring njantjoedaken njamping. (92) Mangkana woes tan winarna, Sèh Mochamad Libasah ikė, aenggih ing fobilipoen, mapan ing kang woes moeljo, kawarnaha lanastoeloh apansagoeng, woes ngaempoel sarowangira, pan ladjeng minggah pra sami. (93) Mapan dateng nginggil Tirena, Sri Narèndra masanggrahan Pringkali, Panembahan pisah ikoe, kolintoe margamira, ladjeng koendoer dateng Pasanggrahanipoen, mapan woes datan winarna, kawarnaha Sri Boepati. (94) Pangran Bèhi atoerira, lan Dijan Basah Prawiradirdjo ikė, jèn pareng karsa Sang Praboe, sanadijan ngantep joeda, pan prajoga ning wètan Praga toehoe, wijar radin papan nira, Sri Narèndra amoeroeti. (95) Lan sampoen rembag sadaja, pra prasiwa pradjoerit pro Ngoelami, Sang Nata gijo baedol sampoen, mijang sagoeng wadijo bala, sampoen tedak apan saking Delingsangtoel, Gemplong lawang marginira, ladjeng ma-

p.108

sanggrahan iki. (93) Aneng siloek Sri Narèndra,
pan anoedjoe Djèndral De Kock poeniki, won-
ten Sentolo poenikoe, kirang kedik pesoek-
an, sareng sampoen oso kang wadija sadaroem,
Sri Narèndra noelijo bedah, waoe doemateng -
Kemesdjing. (94) Ingkang dèrèk Basah tiga,
kang sandana apan maring Pangran Bèhi, -
lawan Pangran Harjo Proboe, diningroh nging
poenika, sampoen sepoeh mapan datan arsa
kantoen, salaminjo lan Narèndra, apan re-
men pèda sabil. (95) Sapaeroeqnja ingkang poe-
tra, kangdjeng Soeltan Djèng Pangran datan
kari, kinilar mapo kalangkoeng, mangkana
sampoen prapta, ing Kemesdjing Kangdjeng
Soeltan karsanipoen, mapan pin nindihi
hoesar lan kang paman Pangran Bèhi.
(96) Dèné kang kinarja hoesar, pra prasiwa lawan
sagoeng Ngoelami, kang dados pangiridipoen,
nenggih Radèn Dipatijo, lawan Mas Pangoe-
loe Basah katih ikoe, Rahadèn Prawiradir-
djo, lawan Radèn Ngabdoelatip. (97) Pan ki-
nen nindihi daras, kang pangirid Doel-
lah Soetoet lawèki, kalawan Doelah poenikoe.
nenggih Prawirarana, Pangran Basah Soe-

p.109

managara paenikoe, karsanira Sri Narèndra, kinarja panggalak djoerit. (98) Nijang tagoeng kang Pro Dipatijo, wétan Progo déné djoe-rit néki, kang tamijo darat paenikoe, ki-nèn masrahken ika, marang Basah kalih ingkang badé ngadoe, tampaen tamijo reremba-ggan, tamangtané lanat prapti. (99) En-nengena Sri Narèndra, Djèndral De Kock ja-ka ingkang winarni, apan waes mijarsa ikoe, jèn Sang Nata waes njabrang, marang wétan Praga tawadijo kaeswakoe, lang kaeng gaegaep manahira, noelijo baedal anoetoeti.

(100) Saking Sentolo paenika, lawan tagoeng para ing-kang Oppesir, mapan katah Opsiripoen, mangka-wa tampaen propta, ing tangkilan, patjalang koer oening ikoe, daemateng Sri Narèndra ta, jèn lanat kaelah noetoeti. (101) Noelijo Kangdjeng Sri-Narèndra, Pangran Basah ingkang kinen raemijin, kadijo rembaguja paenikoe, matanggrahan, Ba-sah Prawiradirdja, lawan Basah Ngabdoel latip noelijo ikoe, matangkep wadija kang darat, a-naning taelaengan iki. (102) Lanat kaelah tareng mijatsa, lang kaeng galak noelijo binaedjaeng iki, Basah Soemanagara koe, lawan takatja-

nira, pan loemadjeng Basah kalih gijo kadoe-
loe, tiga Aboesoengep, ika binoedjoeng loe-
madjeng sami, (103) Lanat langkoeng pangedèl-
nja, kawarnoha wadija kang darat sami, pan
maksih ampingan doesoen, lawan andodak
samija, ing kang waos mapan sinembahken
ikoe, nanging lanat woes aninga, dènja man- p.110
djing ninggrang-ninggring; (104) Semoe ka-
pok dook prang Tjarma, wadija Islam woes
tan drana tijas niki, mapan dèrèng mangsa-
nipoen, Doelah Prawirawana, lawan Doelah Soe-
koet lawa ngabani koe, Islam woes nir gaeng ba-
baja, tandija soeng ngadeg sami. (105) Ladjeng
nempoeh madjeng rampak, lanat toelah lang-
koeng panggah ing tjoerit, pan sanget pange-
dèlipoen, Islam anoesoep samijo, nrijag koe-
koesing sandjata anoelijo tjampoeh, koewel
dados satoenggal, sandjata woes datan moe-
ni. (106) Namoeng sangkoeh lan waos ika, lanat koe-
lah samija rentah kang topi, Islam rentah soer-
banipoen, saking ramèning joeda, apan rang-
gih samija roedjoe paeraenipoen, Doelah ma-
pan samija darad, nenggih ing kang angawaki.
(107) Basah Ngabdoelatip ika, sampoen maedan

waoe saking koerangi, Basah Prawira dirdjèkoe,
ingkang maksih neng koeda, Pangran Basah Soe-
managara poenikoe, njabet saking poengkoer ika
lawan sakantjanirèki. (108) Mas Rangga Poetoet Goe-
ritna, lan Mas Doeloh Prawirarana iki, Doelah
Prawirajoedèkoe, liwoeng pangamoekira, ngan-
tos datan ngamboh Sri Islam sagoeng, lan-
nat kalindih prangira, kang woeri hoesar ban-
toni. (109) Kalangkoeng resah prangira, mapan-
tjaroep hoesar lawan pelangkir, saking samjo
liwoengipoen, mangkana wadijo Islam, mapan
tjaroep lan daradan kapalanipoen, kawarno-
na Sri Narèndra, langkoeng welas aningali.
(110) Doemateng prang njo kang wadija, sabab sam-
poen tan saged moendoer sami, Sri Narendra
noelijo toeloeng, ngadjengken pra Dipatija, lan
Ngoelama njabet saking kanan ikoe, mangka-
na lanat prangira, kalindih boemadjeng sa-
mi. p.111 (111) Dadija Islam saged benggang, samija
moendoer pan kadija den gentosi, lanat ma-
pan oendoeripoen, lawan ngedrèl sandjata,
Mas Pangoeloe kenging mimis ladjeng dawah,
pan loemajoe koedanira, lawan Kangdjeng
Pangran Bèhi; (112) Dawah bandang kang

boerangga, Pangran Pakoeningrat mangkana oe-
gi, mapan samija dawahipoen, dadeja moendoer-
sadaja, namoeng kantoen Sang Nata lan Pangran
Praboe, mangkana Radijan Dipatija, angoendangi
djirit-djerit. (113) Sri Narèndra entènana, hoesar
lanat sareng mireng poen sami, jèn ikoe ingkang
Sinoehoen, ingkang kantoen pijangga, hoesar
ingkang loemadjeng samijo wangsoel, angebroeki
mring Sri Narèndra, ames soel lan amedangi.
(114) Sang Nata angagem kan astra, mapan sam-
poen binekta maladjeng ngampil, Dijan Di-
pati saja bingoeng, Sang Nata soeloengana,
mapan kadija woes karsanira Hijan Agoeng,
geng kjoba mring Sri Narèndra, pro Dipati
meksa gendring; (115) Lan sagoeng kang pra-
Ngoelama, lawan kadji nanging parmaning-
Widdi, Sang Nata apan lestantoen, dènira-
moendoer ika, nanging ingkang paman Kang-
djeng Pangran Prabo, mapan katah labet pe-
dang, nganbos djoe rasoekan nèki. (116) Sabab
ngapingi Narendra, ingkang samijo pasah da-
kan poenapi, dadijo ladjeng sapihipoen, kang
samijo banda joeda, Islam lanat mapan sa-
mija sajohipoen, mangkana Islam kang prap-

ta, doemateng tabil lolahi. (117) Mas Doelah-
Prawirarana, lan Mas Doelah Prawirajoeda iki,
Doelah Soemadipoerikoe. Den Mas Slamet-
ika, lan Mas Rangga Poedoetgoeritna, poenikoe,
apan kalih Soerjagama, Sèh kadji Machamad
p. 112 Tajib. (118) Sèh kadji Machamad Kasan, lanat-
boelah kalangkaeng katah nèki, kang ageng-a-
geng poenikoe, apan samija binekta, ladjing
moendoer dateng ing Ngajogija ikoe, kang a-
lit samija kinilar, belot-tah bangkènèrèki.
(119) Mangkana Sri Naranata, masanggrahan neng
Ngerdjana poeniki, pan amaeng ngaso sadaloe,
ladjing anoelija boedal, apan koendoer masang-
grahan dateng Siloek, angatokken ingkang-
wadija, lanat mapan kendak iki. (120) Lami
kan ngedalijoeda, sareng sampoen ngaso Sri
Narapati, Sagaeng ingkang wadija ikoe, sedak
malih Narendra, mring Pangkilan lan poetra
santana ikoe, apan salong njoesoel samija,-
nenggih Pangeran Ngabdoel Rachkim. (121) Lan
Pangeran Soerjawidjaja, Pangeran Dipakoesoema
noewoen iki, dados sindih hoesar ikoe, mang-
kana woes binilan ning Pangkil lan lanatoe-
lah, d ladjing ngloeroeg, sawarnine bèteng-

nglempak, woes kasoer mring Sri Boepati.
(122) Ladjeng animbali Basah, Sri Narendra ma-
pan dipoen atoeri maendoer sing Tangkil, lan ikoe,
kirang wadin papannja, kinaeroetan maendoer
mring Kemasjing ikoe, noelija lanas soelah prap-
ka, pinetoek soeloengan malih. (123) Kalangkoeng
ramèning joeda, kang sandjata baroeng lan mrijem
nèki, tan apa koesjiwa ikoe, hoesar pan sanja
hoesar, lanas soelah mapan katah ingkang lam-
poes, hoesarnja katah kang pedjah, dadijo ka-
kindih prang nèki. (124) Islam pan breg kèwala,
lanas soelah kekètjer bangkènèki, ladjeng sa-
nija ngoengsi ikoe, lanas mring bèteng Bor-
dja, jèn sampoena selaka sapoeting dalae,-
lawan mandjing bèteng sanija, kadas lanas
telas jekti. (125) Islam wangsoel pamboedjoeng-
nja, mapa katah angsal bandangan sami, san-
djata lan kapal ikoe, mapan woes tan winar-
na, Pangeran Bèhi lan Raden Dipati matoer,
ngatoeraken rembaggira, Basah mijang kang
pra Dipati. (126) Sri Narèndra ing ngatoeran,
ladjeng tedak daematèng Sambiradin, mang
kana apan tinoeroet, boedal Sri Naranoda,
lawan sagoeng sawadija koeswa sadaroem, sa-

p. 113

goeng bèting kang kamargan, mapan kasah-dèn besmèni. (127) Djèndral De Kock doek mijarsa, langkoeng goegoep lamoen Sri Narapati, masanggrahan Tjandi ikoe, mangkana apan noelija, tinoetoetan nanging parmaning Hijang Agoeng, Islam dadan paeroen joeda, apan namoeng ngolah-ngalih. (128) Dènira amasanggrahan, salaminja Nata nèng Sambiradin lamoen linoeroeggan ikoe, namoeng-ngalih kèwala, nadèjan lanas pan kendo pangloeroegipoen, opan dadan tamija perak, namoeng beng-ngoebengan tami. (129) Sang Nata nimbali Basah, paran marma dènè tan aprang iki, Dijan Basah tan saged matoer, mapan katiga pisan, Pangeran Bèhi mangkana ing atoeripoen, bilih marengi Narèndra, pamika rembagnja tami. (130) Padoeka mapan ngatoeran, ladjeng tedak dateng mantjanagari,-Sang Nata doek mijarsakoe, mring atoernja-kang paman, dadijo mèsem lawan angandika aroem, mindah paman tinilar, kasmaran ingkang goemanti, — Kadipa „Amaradana"

CANTO 37
pp 167-199
[149 verses]

(1) „Kadiparan palah nèki," tiang Mentawis sadaja, Kangdjeng Pangeran atoeri, kawe-

la langkoeng tan rembag, inggih lamoen poenika, lan malih sinten djinoedjoeg, kalawan masa saniessa. (2) Jen sampoen daoematêng takdir, Djêng Sri Naranata ngandika, lamoen makaten karepé, nèng ngriki pan tanpa karja, sai man taek kewola, gija nembang tengara ikoe, boedal saking Sambirata. (3) Sawadija kaeswa tan kari, Sri Narèndra karsanira, angoebengi Ngajogjané, soekoer lamoen kapetoeka, lanat anèng marga, mapan mijos Tadjem poenika, ~~namaeng nèng~~. mangkana atoer oeninga. (4) Lamoen lanat baris nèki, nèng kilèn Tadjem poenika, mamaeng nèng sapin kewalan, mapan datan poeran medal, ladjeng Sri Naranata, mijos wètan Gawok ikoe, kendel anèng Mawat redja. (5) Nging lanat tan ngoepa kardi, pan ladjeng mijos Ngajogja, kendel ing Karapjak mangké, sagoeng desa kang kamoegan, pan katah ing ngapangan, kang tengga sanija lamajoe, pan katah angsal djarahan. (6) Lanat tan metoekken djoerit, mangkana wus tan winarna, prapta sakilèn Iragané, mapan ladjeng Sri Narèndra, anaelija masanggrahan, anèng Masdjid Gendan ikoe, lawan ngasaka-

p 114

aken wadija. (7) Dèjan Basah Martanagari, noe-
soel apan sampoen prapta, nanging sagoeng pra-
djoeritè, katah kantoen wètan Praga, ingkang
djadjar sadaja, Dalah Sandji Rangga ikoe,-
kang dèrèk nring kilèn Praga. (8) Mangkana
woes tan winarna, noelija lanatkoelah prapta,
apan kalangkoeng katahè, kalawèl ira titiga,
kap-dentapan kèwola, nenggih lawan rawoeh
ipoen, Kangdjeng Panembahan ika. (9) Basah
Prawiradirdjèki, noelija ngatoeri oeninga, la-
nat ~~bekta~~ teka Bendoenganè, Sang Nata-
pan tingatoeran, nenggih lèng sèr kèwola, ta-
bab langkoeng katah ipoen, lawan malih ma-
ra tiga. (10) Sri Narèndra anaeroeti, nring nga-
p. 115. poeränè Dèn Basah, ladjeng baedal sing Gen-
kanè, tan kantoen Djeng Panembahan, lan-
kang poetra santana, Basah tiga maenggèng-
poengkoer, lan sagoeng pra Dipatija. (11) Praf-
ka djäwi daesoen Sami, noelijâ lanat pan ka-
tinggal, saking wètan lan saking lèr, lan sa-
king kilèning dèsa, sareng pangèrèlira, Ra-
dèjan Dipati winoewoes, lan Pangran Soerjä-
widjäjo. (12) Sri Narindra dèn atoeri, loemadjeng
nanging Sang Nata, apanoedjoe nitih mangkè,

dené kijai Djajatjapa, dadéja kan saged énggal, pan tanijo tinilar ikoe, sabab minis langkoeng drésnja. (13) Kangdjeng Pangran Ngabdoerrahkim, kalangkoeng denira doeka, marang Radèjan Dipatiné, lan Pangeran Soerjawidjajo, lah-Ka Soerjawidjajo, dené mangkana sirèkoe, aninggal mring Sri Narèndra. (14) Dené ora ingdep isin, wedi manih jèn doewéja, wedi mringminis tibané, noelija wangsoel kalihira, ladjeng matoer Sang Nata, ngatoeran nitih ikoe, mring kijai Djajatjapa. (15) Ki Djajatjapa poeniki, pan kenging kajo tengeran, jèn Islam oenggoel djoeridé, pan ladjeng nradjang kéwala, jèn badé asor ika, onggendring paladjeng ipoen, satan kenging dèn ampoha. (16) Kapal kan tagéd noetoeti, marang ki Widjajotjapa, marma ngatoeran Sang Katong, salin ngagem-ma Djajatjapa, mapan Radèn Dipatija, lawan Pangéran poenikoe, kan kohan minis deres nja. (17) Sang Nata mèsem noeroeti, mring toernja kalih poenika, gija nitih Djajatjapané, karsanira Sri Narèndra, sinangsoelaken ika, lawan ladjeng ngasta lawoeng, nanging kijai Djajatjapa. (18) Apan meksa datan kenging.

p 116 Sri Narendra pan binekta, loemadjeng Djogdjapané, pan dadija kantoen tadaja, mapan waes tanwinarna, kawarna Djan Bosah ikoe, lan sagoeng kang pra Dipatija.[19] Pan ladjeng kinepung wani, dateng sagoeng lanat toelah, kalang kaeng kéwran ing kijasé, dadija angrampol kéwala, waoe dènja loemampah mapan ing ngoeroeng-oeroeng, lanat poeroen tjilaka.[20] Apan Bosah tiga iki, sakawan Kangdjeng Pangéran, Ngabèhi lan sapoetrané, lan Pangran Soerjanagara, Doellah Kadji lan Rangga, samija kapoldan pamikoe, lan wanten mawi sandjata.[21] Marma datan taged sami, males pan kinarja lèsan, ngingimis pistoel kemawan, nanging parmaning Hijang Soeksma, mapan tining angsalira, lumaon hoetar lanal madjoe, pinetoekken mandoer ngoelja.[22] Pangran Soerja nagaréki, dilalah koetaning Soeksma, mapan sanget tekaboeré, mangkana toetoembaréa, hèh ijo lanas tolòh, entèkna obat mimismoe, lamoen entèk gijo djoepoeka.[23] Apan ija soen entèni, maroe atisan ja pada, lawan dèn tjedak maréné, dinoekan dateng kang éjang, Djeng Pangran-Ngabèhi ka, wija mangkana tira poetoe,-

katikoe kemahanira; (24) Kadéja woes karsa-ning Widdi, Pangeran Soerjanagara, tan kèn-del dinoekan koewé, waoe doemateng kang é-jang, apan datan pantara, kénging mimis dja-djanipoen, ladjeng prapta sabillolah. (25) Da-wah saking kocranggi, mapan datan mawi po-lah, woes datan winarna mangké, Islam wiloe-djeng sadaja, namoeng Pangran poenika, woes samija prapta sadaroem, ngartanira Sri Na-rèndra. (26) Mapan ladjeng "Sri Boepati, ma-sanggrahan ing Tangkisan, lanas ingkang ngo-sal mangké, ladjeng kèndel ing sidatan, kan toen sèwoe sasara, ingkang katah samija wang-sol, lawan ngapocraken ika. (27) Mring bang-kiné kantjanèki, mangkana dadoe winarna, Sang Nata nimbali ogé, marang ing kadjinem-man, Sadijak wasdanira, lawas gadingan-poenikoe, Asnawi Djajengmanggala. (28) La-wan saboek loempangiki, gangsal kinèn loe-mebcta, marang lanas pandaké, pinaringan waos samija, laga kèli sadika, kan mawi pa-lèrit ikoe, Djajengmanggala poenikoe. (29) Di-pajana waos neki, gadingan poen bandaeng i-ka, poen banteng saboek loempangé, gangsal-

p 117

woes moendoer sing ngarsa, prapting daesoen si-
dadan, apan ngantos soeloepipoen, nenggih kang
woelan poenika. (30) Mangkana lanas winarni,
pan langkoeng prajitneng baja, mapan tan-
kena koemrèsek, apan ladjeng sinandjaka,-
bangoen èndjang wasara ingkang woelan soe-
roepipoen, mangkana kijai Sadika. (31) Mapan
sampoen rembag sami, loemebet ning paba-
risan, Sadika [pan] pangadjengé, gangsal pan sa-
mija berangkang, sinèrèt landèjanja, saking
parmaning Hijang Agoeng, gangsal lestari
lebetnja. (32) Dalan kanangan poeniki, malah la-
djeng koemoet samija, gegeni lan sradadoené,
kantjanja kinebik samijo, panza djà na pada,
ayoembak ning sarudadde, marma dangoe-
kindelira. (33) Somana apan maringi Majar
lan Kapitan medal, katanggar ning Sadikané,
mapan ladjeng ingngantjaran Majar pan la-
djeng niba, tan mawi sesambat ikoe, Kapitan
p. 118. kagijat anaelija. (34) Winaos Kapitan mati,
mapan ladjeng gègèr samija, paen lanas pa-
barisané, sitnah medal tinadahan, sampoen
pedjah sadaja, dadi kahanan woes metoe lan
sakawan kantjanira. (35) Nanging Mochamad

Asnawi, katoer apan tan poenapa, gangsal poeni-
ka angsalé, ngalih niga mijang njokawan, maeng
Sadika pribadija, ingkang ngantos angsal woloe,
ladjeng aningali sanija. (36) Kang gangsal aneng
sabin, langkoeng ramé ingkang aprang, pan lawan
rowangé déwé, lanat kasoh ingkang pedjah, satoes
langkoeng wasara, tjelok siang noelija maen doer
kadjineman gangsal sanija; (37) Waes prapta Sangkis-
an sami, ladjeng sowan nering Narendra, waes
katoer ning niskarané, mangkana lanat wirar-
sa, sareng éndjing poenika, pan gelasah bang-
ké nipoen, lan kelas pangagengirapoen. (38) Dan
sanija kan njana djanmi, kang karja gègèr poe-
nika, sabab tan wonten kilasé, sagoeng bangké
tinilikan, pang bangsanja pribadija, dadija
langkoeng girisipoen, riwoesnja dadani sanija.
(39) Sagoeng bangsané kang mati, noelija baedal
mantoek samija, mapan gantjangan lampahé,
adjrih lamaen tinoetoesan, mapan waes tan
winarna, lanat sanget kendakipoen, dadija
lami dasan joeda. (40) Mangkana ingkang wi-
narni, Dijan Basah Irawiradirdja, lan Pangé-
ran Basah mangké, Dijan Basah Martana-
gara, Basah Irawiratoema, mapan sami-

rembagipoen, angatoeri ning Narèndra. (41) Te-
dak dateng wétan Pragi; Dijan Dipati sampoen
rembag lan Pangéran Ngabèhiné, Sang Nata noe-
roet kéwala, samana ladjeng boedal, lan tawa-
p.119 dija balanipoen, tan kantoen Djeng Panembahan.
(42) Ing marga dados winarni woes rawoeh ing-
Siloek ika, Pangran Praboe sowan agé, mapan
ladjeng atoer salam, doemateng Sri Narèndra,
lawan ingkang raji ikoe, nenggih Kang djeng Pa-
nembahan. ~~ikoe~~, (43) Riwoes kata lenggah sami,
Sri Narèndra angandika, mapan sampoen da-
ngan mangké, Pangran Praboe atoerira, mapan
dèreng sadaja, Sang Nata ngandika aroem, pra-
jogi sampéjan ngiwa. (44) Soman sampoen toe-
moet djoerit, Pangeran Praboe saerira, kawoela
woes sepoeh kalang, pan inggih mangsa wandé-
ja, Soeltan lamoen palastra, noempang wan-
ten marginipoen, kalang kaing kapéngin koe-
la. (45) Prapta ing sabillolohi, Panemban a-
ngandika, kangmas prajogi den sareh, ing ben-
djing jèn dangan pisan, apan saé poenika,
Pangran Bèhi atoeripoen, sami ~~ladjeng~~ lan
Djeng Panembahan. (46) Pangran Praboe ngan-
dika ris, ija dimas soen woes trima, nanging

nara bisa ingang, lamoen pisah lawan Soeltan,
mesem Djeng Panembahan, marmanipoen koela
noesoel, Kangmas inggih kados sampéjan.
(47) Kasarna Basah Doelkatip, prapta lawan
Poetlowa, mapan taoe woening mangké, jèn ta-
nat poenika, kang wanèn kilèn Praga, badé
kerigan poenikoe, dateng ing ngriki sadaja.
(48) Lawan bagoeng kang pradjoerit, mapan tanpoen
prapta, noesoel dateng Sang Katong, mang-
kana woes tan winarna, Sang Nata noedjoe leng-
gah, Panembagan moenggeng njawoen, Pangran
Ngabèhi kalawan. (49) Pangran Praboe asanapi,
Pangran Ngabdoelrakim ika, Pangran Soerjo-
widjajané, Pangéran Dipanagara, Pangran Di-
pakoesoema, lawan Raden Basah ikoe, Marta-
nagara neng ngarsa. (50) Pangran Djajakoe-
soemeki, samija mantoe Sri Narendra, Sang-
Nata angandika alon, dateng Kangdjeng Pa-
nembahan, kijai pan kawoela, sampi wong-
siting Hijang Agoeng, kalamoen badé kawoela.
(51) Poenika bakasaneki, apan tan dados poena-
pa, dadéja kang Sinoewoen mangké, samija soe-
pa, dadoja, kalawan semoe waspa. Pa-
nembaha alon matoer, paran Soeltan ing-

p.120

kang dadija. (52) Ing besoek wekasaniki, Sri Narèn-
dra angandika, Sala kangmas Soerbajané, ing
ngriki mapan resahan, nging poenika sadaja,
sanija goeng doerakanipoen, dateng Nabi Nga-
lamina. (53) Ton api nring Kang djeng Nabi,
sabab manoet lanat Soelah. Sarèmbahan tan
atoeri, Soeltan paran karsanira, Sri Narèndra
ngandika, kenging tan kenginga ikoe, kijai ma-
pan kawoela. (54) Namoeng noewoen ambèlani, doe-
mateng kang sanija propta, inggih ing sabil lo-
bahé, sanadjan inggih kawoela, lamoen ajoen
doeraka, kandeg apan maksih ikoe, kijai kan-
toen ing donja. (55) Nanging kenging tan kenging,
asanget parmaewoen koela, namoeng rohiming
Hijang manon, kang koela soewoen poenika, pan
anrwang sesepira, sadaja ~~sanija~~ samoeng kaol,
kang sarta angemoe wos. (56) Mangkana woes-
kan winarna, tigang dina antaranja, lanat Soe-
lah ing prapsané, mapan langkoeng katahira
pan kerigan sadaja, sagoeng ingkang biting ikoe,
prasanira mara tiga. (57) Saking kidoel kilèn
iki, lawan ingkang saking wétan, Radèn Srawira
p 121 dirdjané, Sri Narèndra ingatoeran mapan maoe-
doer kewala, nenggih ngalèr ngilèn ikoe, sabab

lanas langkoeng gengnja. (58) Sri Narindra woes noe-
roesi, gijo nitih ki Djajatjapa, lanas pan sareng
prapsane mangkana ki Djajatjapa, ing ngam-
pah dasan kina poenika sengeranipoen, lamoen
badé kasoring prang. (59) Apan ladjeng lampah-
neki, dadija ~~ingkang~~ sagoeng ingkang wadija, pan
wanten sekèn-sinakèn, pan derèk moendoer sa-
daja, mangkana kang winarna, hoesar lanas soe-
loh ikoe, apan noesoesi sadaja, (60) Dadija ka-
saan sami, noelija tjampoeh ing ngajoeda, pan
ladjeng koewel kimawon, apan woes sebih koe
ija lan Kangdjeng Panembahan, hoesar lanas
kasah lampoes noelija kang pelangkir samija;
(61) Lanas saeloh anoesoesi, Islam prang lirin ki-
walan, dadija sagoeng pelangkire, kan saged
anoesoesana, nanzoeng hoesar kewala, mapan
ingkang aprang ikoe, dadija kekètjèr bangke-
nja. (62) Kalih beloh winasawis lanas soeloh
hoesoeira, kang propsa pinggir Pragane, tigang
dasa winasesa, Islam pan ladjeng njabrang,
nering kilèn Praga sadaroem, sampoen sapih
ingkang joeda; (63) Mangkana Islam kang prap-
si, nenggih ing kang dateng sabillolah, Kang-
djeng Pangeran Harjamangki, Praboe diningrat-

poenika, Raden Toemenggoeng ika, Toetoet-lawa-
lan Dijan Menggoeng, Martadirdja mapan la-
wan. (64) Mas Rongga Taseka iki, lan Loerah
Bandar poenika, Mas Bèhi Legamarané, lan
Mas Kartawangsa ika, lawan Kadji satoenggal,
Sekar aroem wismanipoen, ~~Pra~~ pradjoerit dja-
djar sawelas. (65) Lan loerah djineman iki, sakan-
p.122 tjanira sawelas, mantri lebet satoenggalé, loerah
djineman poenika, Mas Sidik namanira, kan-
tjanja namanirèkoe, gadingan Asnawi lawan;
(66) Djajèng manggada poeniki, kalawan paen sa-
baek loempang, anenggih mantri lebeté. Raha-
dèn Maedjawosa nja, namoeng djadjar kewala,
kang prapta sabil'lolahoe, prang silaek amoeng
poenika. (67) Hoesar lanat katah mati, mangka-
na woes tan winarna, anaelja kendel Sang Ka-
tong, aneng Djelampar poenika, pan ngasoka-
ken wadija. Panembahan pamit ikoe, koendoer
maring pasanggrahannja. (68) Sang Nata sam-
pun nglilani, lan Basah Martanagara, noe-
woen pamit maring Sang Katong, lan Doelatip
Alibasah, Pangeran Dipanagara, poen mang-
gènken repot sagoeng, pan woes kalilan sa-
daja. (69) Mangkana Pangeran Bèhi, lan Basah.

Prawiradirdja, Basah Soemanagarané, Basah Prawiratoema, lan Raden Dipatija, Sang Nata ngatoeran ikoe, mesanggrahan ing Tangkisan. (70) Sab dening Djelampar iki, aneng redi kirang tjekap, kinarja ngaso wadja kèh, noeroeti Sri-Naranata, boedal saking Djelampar, sawadija-koeswa lan kantoen, lan winarna aneng marga. (71) Ing Tangkisan sampoen prapti, pitoeng dinten winatara, Sang Nata ning Tangkisané, patjalang atoer aningga, jèn lanattoelah prapta, mapan langkoeng ageng ipoen, Dijan Basah Prawira-dirdja. (72) Lawan Kangdjeng Pangeran Bèhi, hoemator dateng Narèndra, rembag ngoendoer-an kewala, sabab lanat langkoeng katah, pra-djoerit mapan kotah, ingkang dèreng prapta waoe, Sang Nata noeroet kewala. (73) Marang-ing ngatoerireki, kang paman lan Raden-Basah, mapan ing ngatoeran manggen, moen-doer marang ing pinetak, nadijan kinoetoeta-na, ngrika kang papan pikantoek, gija boe-dal Sri Naranata. (74) Saking ing Tangkisan i-ki, mapan doemateng pinetak, lawan sawadija balané, sampoen rawoeh Sri Narèndra, kawarna lanattoelah, apan tan noetoeti ikoe, sareng prap-

p 123

la ing Tangkisan. (75) Sang Nata woes panggih sepi, ladjeng wangsoel lanatkoelah; doemateng ing bengkoeng maneh, lan dateng keratak ikoe, kawarna Sri Narindra, mapan ing ngataoeran ikoe, ladjeng dateng lepen Baeka. (76) Doemateng Djeng Pangeran Bèhi. Sri Narindra angandika, ing ngardi poenapa mangké, apan boten wonten lanat, Pangran Bèhi atoernja, mapan boten ataoeri-poen, nenggih poen Prawiradirdja. (77) Ing wingking pan wonten kedik, nanging pandoeginung Basah, lanat arsa mantoek mangké, dateng Bagelèn poenika, marma padoeka Nata, loemampaha dateng ngajoen, mawawi wingking poenika. (78) Mapan inggih medal medal ngriki. Sang Nata noeroet kèwala, dateng kang Paman ataoeré, noelja mangkat Sri Narindra, nitih ki Djaja kresna, kang moengging ngarsa Sang Praboe, maring Radèn Haria Sindoerdja. (79) Lawan pinitlah satoenggil, ki Ngabèhi Soerawana, kakalih panakawané, Bantengwareng lan poen Rota, pan ngampil pagantènan, lawan paketjohan ikoe, sakawan kang aneng ngarsa. (80) Kang djeng Pangéran Ngabèhi, Ngabdoerahman toenggil Basah, ning wingking-

lan pradjoerité. Radèn Dipati Danoerdja, la-
wan kang pra Dipatija, sami ja noenggil lam-
pah ipoen, kang moenggèng wingking Narèndra. p 124
(81) Namoeng gamel lawan ngampil, lan Pangeran
Dipakoesoema, sareng prapta ing Pangiré,
nenggih kijai Djaja tjapa, kedah wang soel
kewala, pan samarga-marga ikoe, pinèksa
nring gamel samija. (82) Sinoedjoe san dèn ké-
tiki, ingampil gamel kewala, anoelja ka-
apan pitoelaeng Hijang Widdi, tinedilan saking
Kebihan kèwala.(25) Noelija wangsoel sagoeng lak-
nat toelah ikoe, mangkana Narèndra, pindah
saking laban iki, Masanggrahan aning wana
Padasmalang.(26) Sitimiring ing wana namam-
poen, nging kang dèrèk ika, kantoen pun Ga-
rèng poenikì, Semar Petroek poenika tiang ke-
kara.(27) Sabab Bekel Marta tan kalilan ikoe,
ngai Mara troena, kedah dèrèk tan marengi, a-
ngraebedi dadijo kang dèrèk Narèndra.(28) Apan
namaeng kantoen tiang gangsal ikoe, mang-
kana tan lama, Sang Nata nèng Sitimiring,
karsanira Narèndra tedak mring rima.(29) Sam-
poen mangkat saking Sitimiring ikoe, prapta
Padasmalang, mangkana kapetoek iki, lawan se-
rotira Residèn poenika.(30) Nging Sang Nata-
tan karsa ningali ikoe, dènè kang kèngkènan,
kinen bekta wangsoel iki, ing kang teras la-
djeng lampahinja Narèndra.(31) Mapan langkoeng
Sjoebaning Hijang wektoe ikoe, dateng Sri Na-

rindra, doemadakan Soemabali, lan poen Ga-
rèng bingoeng datan angsal marga. (32) Pan ka-
lintoe kasasar maring wana gaeng, mapan
margi warak, ingkang dèn wastani margi. ar-
sa tan ujana satoenggal tan manggih djalma.
(33) Lawan djawah apan langkoeng deresipoen, ring
satengah wana lawan langkoeng peteng niki,
parmaning Hijang titianira Sang Nata.
(34) Datan mawang ngoembah, djoerang tjoeri pa-
p. 157 loch, kalin~~toe~~-loeloempatan, lawan hoewat-
hoewat sami, dadija sajah kèndel aning tengah
wana. (35) Pan poen Rata angrempang tangat poe-
nikoe, dadijo njaré wana, roes tana boja kaèksi,
baeran wana sadaja malah roemeksa. (36) Kalih
saloe Sang Nata aning wana gaeng, ngentosi
poen Rata, lan bingoengrija Soemabali, lawan
Garèng Banteng Waring langkoeng koewat. (37) Sa-
reng sampoen sami mantoen ingkang bingoeng,
kalawan poen Rata, pan sampoen saged loema-
ris, noelijo mangkat Sang Nata ting tengah
wana. (38) Bañteng warak sima kang loemam-
pah ngajoen, anglis karja marga, marmanja
Sri Narapati, kang titian saged anoeroet poe-
nika. (39) Mapan kadija wradinan wana poe-

nikoe. sagoeng kang gelagah, lan eri pan sirna
sami, kang kamargan mangkana datan winar-
na. (40) Aneng marga pan lestari lampahipoen.
mangkana Narèndra, mapan sampoen rawoeh i-
ki, kanah rèma aneng pager tipis ika. (41) Waoe dèn
ngö mesanggrahan Djeng Sinoehoen, pan noelija
koetoesan, nimbali Radijan Dipati, lawan Ba-
sah kalih apan sampoen prapta. (42) Radèn Ba-
sah Warta nagara poenikoe, lawan Radèn Basah
Gonda koesoema poeniki, nanging Radèn Dipati
kang datan prapta. (43) Sabab tebih pan sanès
panggènanipoen, Basah kalih noelija, dina-
ngoe nering Sri Boepati, dijan Dipati dènè tan
wonten poenika. (44) Radèn Basah Wartanagara
hoematoer, pan sanès panggènan, saking ngri-
ki langkoeng tebih, apan ngiwa lan ingkang te-
poeh sadaja. (45) Pan rembagan semoe kagijat
Djeng Sinoehoen, ingkang toea sapa, Radèn Ba-
sah atoer nèki, gih poen päman Pangoeloe noe- p. 158
soel poenika. (46) Kadji Bädaroedin kadji Waim
radji koe, ki Welangi ika, apan sampoen sam
poen prapta sami, rembagipoen kènging ken
bedami samijö. (47) Dijan Dipati langkoeng
lega galihipoen, kawoela dèn oendang, inggih

kalian poen adi, raji dhalem poetra dalem -
sampoen prapta.(48) Saniskara waos katoer ngar-
santa Praboe, daek nijarsa Nata, mring atoeré
Basah kalih, jèn kang raji Pangeran Ngabdoerra-
kim séda.(49) Sampoen kaoendoer mring rahmat-
toelah poenikoe, apan tilar danjo, poenika kang
dados margi, bèntjing karsa lawan Dijan Pati
Danoerdja.(50) Dadijo kèndel Sang Nata da-
ngoe andjetoeng, katah kang kagagas, dadijé
moes poerbaning Widdi, anèng danjo wekasan
amaeng poenika.(51) Noelijo dangoe Nata ka-
lih Pangeran ikoe, Basah atoerira, poetra dalem
Kangdjeng Goesti, apan sareng kinilar dateng kang
paman.(52) Kalih samijo sanget maeng-maeng-
ipoen, daemateng ki Laerah, lan kenging koela
pambengi, ladjeng kedah dateng lèr lèpèn poe-
nika.(53) Ing Serajoe ingkang dèrèkken poeni-
koe, Temenggoeng sakawan, Patjitan lan Selama-
nik, ing Parakan lan lèpèn Boeboer poenika.
(54) Apan arsa andjenengi ing prangipoen, Basah I-
mam Moesboh, lawan Radèn Basah nenggih, a-
pan Soerjawinata poetra padoeka.(55) Ingkang
anèm koelo datan oeninga tochoe, nenggih kar-
sanira, ingkang dèrèk loerah Kasim, poen Djing-

(61) Pan ugĕr ing djasat lamun djasat ira kapir, apa kudungan. Tĕpi mung kapir ira.
(62) Lamun Ĕslam anganter papi Ĕslam Tuhu, Jadi Tan ......

gala kalawan Prawiraperbawa. (56) Saung raji-dhalem seda Djeng Sinoehoen, abdinjo sadaja, kang bekta saking Pasaroean, apan samijo selos-kang manah poenika. (57) Mas Pangoeloe Tlawan-kijai Pelangi koe, anaetijo katingal, Basah kalih apan sami, dadijo medal malih ingkang nap-soe samijo. (58) Sabab ingkoe ingkang dadi margo agoeng, barang kasoetahan, noetijo madoer Basah kalih, pan Sinoehoen Ngoelami kalih poenika.
(59) Pinedjahan gijo mesem Ingkang Sinoehoen, nara kaju sira, hèh Basah ingtoen koesoeri, wroehanira sagoeng manoengsa ing daenja. (60) Apan oewis pinasti ing lokil makpoel, bekdja lan tjila-ka, wekasan marganing pati, goeng manoengsa ija ikoe beda-beda. (61) Amoeng sidji pan wong oerip ingkang toehoe, (62) dadi lan kabandang, lara pati lan gaemingtir, ija ikoe kang ingaran-ngan Islam. (63) Sabdo deni anglakoni, lakir ikoe, Basah wong nèng daenja, rahman kang goe-melar iki, ing ngakèrat mapan mapan ing ra-kim kewola. (64) Marmanira pada den awasi i-koe, kalawaning Allah, nèng daenja maeng lo-ro iki, kapir Islam ngakèrat timbanganira.
(65) Ija loro sawarga naraka ikoe, marma wong

p.159

Lomarswn grewe (62) (61)

ning doenja, mapan akèh ingkang kapir kang naraka sabab moerah reganira. (66) Kang ta-warga banget larang adjinipoen, marma kapir arang, ingkang mandjing Islam iki, nglah Is-lam iki, malah Islam akèh manoet kapir ika, (67) Sabab nora kelar ing pataekanipoen, jèn tan-olih ika, sihing Hijang tan kelar pasdi, patoe-kané marma milih ingkang moerah. (68) Basah kalih sanija padang manahipoen, pan woes njarah karsa, noelijo kinèn animbali, Mas Pangoe-loe lawan ki Melangi ika. (69) Nanging sareng kalawan kengkenanipoen, Kornèl Klèresika, mapan asoer soeroé niki, nging keng kenan-Kornèl kinèn mangtoelena. (70) Apan dateng Radèn Dipati poenikoe, maring kang tinimbalan, Mas Pangoeloe lan Melangi, kalih sampoen prapta ngarsaning Narèndra. (71) Apan la-djeng ngoeswèng pada kalihipoen, pan sarwi karoena, riwoesnja ngandika aris, hèh Pangoe-loe ingsoen takon marang sira. (72) Dèn ba-loka dèné sira prapta ikoe, paran karepira, apan nganggo ngirit iki, kang konané Kornèl pan woes lepoeng sira. (73) Lawan Kornèl Mas Pangoeloe atoeripoen, gih boten kawoela, mong

sarengan wonten margi, nadyan kalih kengkèn-nanipoen Djan Basah. (74) Djan Srawiradir-dja sareng amba toehoe, bekta ingkang serat, Karnèl Kokis Karnèl Nahuis, lawan Djèndral De Kock pan inggih kengkènan. (75) Toean Sa-rib Samparwadi kang hingoetoes, dadi nijaksa Narèndra, nirrng atoer mangkono jekté, apan dangoe kèndel datan angandika. (76) Sang-kaing ngoengaen tjasira Ingkang Sinoehoen, jèn samijo mangkana, gijo èmoet poerbaning Widdi, lamoen Islam imanira warna-warna. (77) Apan sanès lawan iman kapir ikoe, sadjaega kèwala, marma samijo kadjeng nèki, lamoen Islam iman patang prakara. (78) Iman Maktoem ing-kang pra Nabi poenikoe, Wali pan adijat, makboel pan imaning moekmin, nging taga-joer poenika ingkang warata. (79) Laknat-toellah namaeng mardoet imanipoen, marma-nira samijo, sagaeng laknat kadjeng nèki, dadijo Nata ngandika aris asanja. (80) Hèh Sa-ngoeloe dèné jo mangkono ikoe, ijo wartanira, kabèh kantjanira iki, jèn mangkana dadij-koewoes nara pira. (81) Apa lali kabèh nring Islamé ikoe, lan dingin sagoehnja, oedjaré-

p. 161

pada ngantepi, nring Islamé lara pati ki-
nemaha.(82) Apan mengko déné pada mang-
konékoe, mati jèn wanijo, lara bae nara hop-
tē, liwatnis̲ta eman oerip aneng doenja.
(83) Yos Pangoeloe mangkana ing atoeripoen, pan
jèktos kawoela, lawan poen adi Yelangi, a-
manggihi dateng poen Prawiradirdjo.(84) Apan
taking jangct koewatosing kalboe, pitakèn
koewoelo, déné makaten poeniki, pan poena-
pa katoepen dateng Narèndra.(85) Radèn Ba-
toh makaten wangsoelanipoen, poenapa wang
édan, nging kawoelo apan jektē, pan angsala
eso sakedap kéwalo.(86) Sri Narèndra mèsem a-
ngandika aroem, sira kaja ngapa, Pangoeloe
lawan Yelangi, apa nara kasikoe marang-
agama.(87) Yèn wang Islam nganggo ngertoe-
la poenikoe, wang bajoh pegesnja, pan ngre-
soela batinèkē, nara koerang ija kagoengan
ing Allah.(88) Yaktih djèmbar lamoen se-
djo oso ikoe, kaja nara koerang, goenoeng
dlas akih ikē, teka satoenggal lawan lok-
nat toelah.(89) Saran sira Yos Pangoeloe pan
poemoeng koel, tan saget matoera, kalawan
kijai Yelangi, Sri Narèndra apan noelija a-

ngandika. (90) Apan dangoe dateng Basah ka-
lihipoen, hèh Wartanagara, lan Ganda koesoema
ikī, pradjoeritnja ăpa woes pada tomekta. (91) Ra-
dèn Basah kalih mangkana toeripoen, pan dè-
rèng poenika, pan hamba kèn ngoso tami, ing-
gih bendjing ing woelan ngadjeng poenika. (92) A-
pan tomijo ambo kèn prapta sadaroem, lawan
dawah hamba, padoeka jèn ngantep djoerit
jèn marengi ing karsa padoeka Nata. (93) Apan
saé masanggrahan Sampang ikoe, ngriki wa-
kos amba, sabab dhi dhalem pradjoerit, dèrèng
mepak marma bilih laknat toelah; (94) Ying-
gah kedik apan batang lodī ikoe, jèn katah
Balitar, marma sinoehoen prajogi, masang-
grahan wonten ing Sampang poenika. (95) Sri
Narèndra amaroesi atoeripoen, Djan Basah
poenika, mangkana sabda Narpati, hèh jo-
Basah ingsoen toeroet atoerira. (96) Nanging be-
soek jèn wis pada teka ikoe, goeng pradjoeriti-
ra, dene inggal toetoera mami, Radèn Basah
atoernja inggih sandika. (97) Sri Narèndra ngan-
dika nring Mas Pangoeloe, hèh Pangoeloe sira,
kalawan sira melangi, pan ing mengko ijo a-
pa karep ira. (98) Samoen nedijo asa tanggal

laknattoelah ikoe, pan loewih prajogo, apan ijo ingsoen iki, woes anedijo ngkaboeli parentah ing wong. (99) Nora kena lamoen toenggal laknat ikoe, mas Pangoeloe taernja, lawan kijai Pelangi, sakit pedjah kawoela derek kiwolo.

(100) Noelijo boedal Sang Nata saking ing ngrikoe, pager tipisika, ingkang dereken Narpodi, Raden Batah Ganda koetoema poenikoe. (101) Lawan ingkang pradjoerit mabri djro ikoe, nenggih Raden Batah, Pardanagara maktih, kantaen baris ing ngardi tjadang poenika.

(102) p. 165 Pan poen Rato lawan poen Soemakali koe, tan saged loemampah, samijo kantoen ing Koemoening, di poen Gareng sampoen mantoek ing Lebanda. (103) Bating vareng ingkang datan kantoen, kantoen apan langkoeng koewat, nging koetjiwa besoer iki, Sri Nerendra arsa pirso-pirsa boja. (104) Apan loewitateng-kang raji poenikoe, nenggih Kangdjeng Pangran Ngabdoerrakim Sri Boepati, pan sadaloe-ngjari aneng sirna bajo. (105) Lenggah aneng papanijan Djeng Sinoehoen, saking kritnantara, waoe doematang kang raji, maktih anem dene legawa palastra. (106) Endjang-

pangkat saking tirnaboja ikoe, tan winarnèng
marga, mara tiga sampoen prapti, ladjeng njo-
ré sodaloe nèng mara tiga. (107) Angentosi Ahmat
Pekih prapsampoen, lagijo tinimbalan, poeniko
tinimbal pangageng nèki, pan ing Sampang
mangkana daloe winarna. (108) Apan wonten
anenggih tingkènanipoen, Rahadijan Dipatija,
Toemenggoeng Poerwadirdjèki, apan lawan Toemeng-
goeng Sindoeatmadjo. (109) Radèn Basah Ganda-
koesoema matoer, dateng Sri Narèndra, jèn
wonten oetoesan nèki, Dijan Dipati apan bek-
ta serat tiga. (110) Saking kornèl Kokis lawan-
Kornèl Nahus, Kornèl Kleres ika, Sang Nata
ènget kang raji, dadijo medal sabdanja mring
Dijan Dipatijo. (111) Hèh jo Basah, si Poerwadirdjo
ta ikoe, lan Sindoeatmadjo, karo kanen pada
bali, déné lajang apan ingsoen nora arsa. (112) La-
moen mekta kaedae siba loro ikoe, pada pa-
tinana, sandika Dijan Basah aglis, lingsèr
saking ngarsanira Sri Narèndra. (113) Enenge-
na pan waos tan winarna ikoe, èndjing apan
prapta, nenggih pan Moehamad Pekih, ma-
pan lawan pradjoeritira sadaja. (114) Pan ing-
ngirit mring Radèn Basah poeniko, tawan

p. 164



(117) Rumeksa samarga marga.
(118) Awit mangkat saking siti mring iku, wus karsaning suksma, Bumon wana kang neng ngawi.....

ing Narèndra, noelijo Radèn Basah iki, kirèn wangsoel mring Tjadang kainggil kang roka.
(115) Dasan kantoen lawan mantri lebetipoen, kang sirèk Narèndra, namaing kahtoen Bantèng wa-ring, Boedjoqati kalawan Djajèng manggada.
(116) Mas Pengaloeloan ki Demangi paenikoe, kang saking Mataram, samijo bekto rèntjang ngalih, noelijo baedal Sang Nata sing mara kiga.
(117) Koer- haingkaeran lawan Radèn Basah ikoe, (118) woes karsaning Soekma, boeran wana kang nèng ngarsi, apan kadèjo paenika akaja marga.
omission verse (118) and end (117)
(119) Marma saged kitijannja Djeng Sinoehoen, pan kadija wadinan, sina warak bantèng iki, kang nèng ngarsa kadèjo djadjari paenika.
(120) Pan sètèla èloking dat kang satoehoe, kang Wakidalkahar, woes dasan winarna malih, kang niskara sampoen rawoeh Sri Narèndra.
(121) Dasan arsa Sang Nata anèng ing daesoen, masanggrohan wana, laknatoellah mijarsa warti, jèn Narèndra ing Sampang pasang-grohanja. (122) Apan noelijo ing ngingqahan Djeng Sinoehoen, ningali Sang Nata, nring solahé laknatsami, apan ngantas njiseng sadaloe paenika. (123) Anèng Sampang anga-

bangi sakèh goegoep, èndjing moendoer noelijo,
laknat saking Lampang sami, anèng marga pan
sjinegat mara sami. (124) Mapan gangsal lak-
naskoelah ingkang lampoes, lan sakapalira, si-
ma kang samijo medjahi, dadijo kapok dosan p. 165
boeroen malih minggah. (125) Noelijo marga ké-
wala dèn pepes ikoe, sagaeng laknatkoelah, sa-
mijo barisanèng margi, pan poen sèpang ni-
ngali baris poenika. (126) Sakantjanjo anèng
ngèring-èring gamaeng, pan samijo katingal,
rakisé anglir geladi, semoe giris manah ira
laknatkoelah. (127) Saring daloe poen sèpang pan
samijo moendoer, mapan gangsal-gangsal, sarada-
doe dèn bektani, pan Walanda kalawan sandjo-
kanira. (128) Nanging dosan tineda apan poenikoe,
kinètjèr ing marga, bangkènjo dipoen sempoli,
maeng sandjatanira kang dosan kapanggijo.
(129) Dadijo giris apan laknat samijo moendoer, –
mangkana pan sèpang, lamoen daloe moe-
doeh iki, sakantjanja laknat maerkat katah
risak. (130) Mapan asring laknat daloe gègeri-
paen, maerkat katah pedjah, pan sèpang ing-
kang medjahi, pan mangkana lampahan wek-
toe poenika. (131) Boeroen wana katah ingkang-

samijo moedoen, karsaning Hijang Soeksma,
angresahi laknat sami, warni kapal lemboe
pan sami benekka. (132) Nèng pan tèpangmang-
kana woes tan tanatoer, kawarna Narèndra, a-
nèng wana tipeng iki, Mas Pangoeloe ki Melangi-
sareng matah. (133) Angatoeraken opan pedjah,
gesang ipoen, noewoen nering Narèndra, moegi-
lèreha tijas nèki, ingkang bendoe nering Ba-
sah Prawiradirdja; (134) Pan pamika marma
makaten Sinachoen, saking pangawelijo, -
nering sagaeng di dhalem sami, ageng alit
djaloe èstri badé risak. (135) Sabab laknat
pan langkoeng pangoedènipoen, sareng mijarsa
pawarta, jèn Padoeka wanten ngriki, Basah
p.166 tiga tan koewawi, nadahana. (136) Padas soe-
sah sadajo di dhalem sagaeng, Matawis paemi-
ka, ageng alit djaloe èstri, marmanipoen -
Dijan Basah Prawiradirdjo. (137) Anglampahi
kadas makaten pamikoe, saking tan koe-
wawa, anadahi nering prang nèki, sembag-
gipoen sadaja pan amba pirsa. (138) Lamoen
sampoen padoeka ngantep prang poepoeh,
badé ngamoek samija, dadijo mesem Sri Boe-
pati, jèn mangkana bener si Martanagara.

(139) Sira dingin karo pan pada djinaloek, harta pi-
natinan, tinarka ngiwoeh-iwoehi, pan ingmang-
ké sirikoe dadi woes njata. (140) Barang remboeg,
dasar sira wité ikoe, ingkoen paubes nedijo, kala-
moen ngowahi dalil, kang parentah ing Qoer'an
pan tan woes kena. (141) Lamoen moekmin kang-
ti perak lawan ikoe, ngolamat tjilaka, lara pa-
ké sapa kardi, Nas Sangoelae mangkana ing nga-
koetira. (142) Inggih leres lamoen roemijin poeni-
koe, sabab taktib tjelak., sapoenika sampoen
lebih, goeng manaengta kalajan Allah Tanga-
la. (143) Lan Djeng Nabi sampoen langkoeng lami-
nipoen, antawis poenika, Djeng Soeltan mesem
nabda ris, heh, poengoeloe betjik maneh angadji-
ja. (144) Lan dén banget sira kobaba satoehoe, -
nring Allah Tangalah, lamoen sira ikoe maktib,
ngimanaké ija marang ngilmoe nira. (145) Sabab
sira angarani, adoh ikoe, nring Allah Tangala,
lamoen adoh ikoe dadi, Goesti Allah kaloean
panggonan ira. (146) Kang djeng Nabi sira rani
lawan ikoe, pan woes ora ana, pin mangkono
tanpa kardi, sira ngadji ngegoengaken Qoer'an
nira. (147) Lan djandjinja ing Qoer'an parentah
ikoe, prapta ing kiamat. Djeng Nabi saré- p.167

ngatnèki, pan ing mengko Qar'an maksih toelis
sira. (148) Apa bali déné mangkono sirikoe, jèn-
Allah manggané, dadijo ana roepaniki, lamoen
roepa posti nganggo anom toea. (149) Lamoen
nganggo anom toewa posti ikoe, bakal kena
roesak, marma tobatna dèn aglis, lamoen o-
ra tobat waes posti doerako. (150) Apa bali dalil
sahim moe ikoe, lan koelhoe ika, lawan ikoe
Kangdjeng Nabī, sira rani waes lawas dadi
tanana. (151) Pan ing mengko ijo moe pakaté ikoe,
Qoer'an opan ana, lamoen ikoe Kangdjeng Na-
bī, pinasrahan prapta ing kiamad pisan.
(152) Apan mengko doerong kiamad Pangoeloe, -
Mas Pengoeloe noelija, saimoeng koel pan èsmoe
kangis, pan ramaos katah lepat atoerira.
(153) Mapan inggih antawisnja tigang dalae, Mas
Pengoeloe noelija, matoer malih mring Sang-
Adji, kados poendi paenika karsa Narèndra.
(154) Sabab sampoen sami koladjeng sadaroem,
abdi dhalem Basah, pradjoerit lan pra Dipa
ti, namoeng kantoen di dhalem Basah saka-
wan. (155) Angkang saktis santosa ing manahi-
poen, mèsem Sri Narèndra, hèh Pangoeloe sira
iki, déné bisa nganggo ngarani Santoso.

(156) Mas Pangoeloe mangkana ing ngatasipoen, sa-
bab maksih kekal, genipoen njepengi dalil,
ngèstokaken ing kasta padoeka Nata. (157) Ma-
pan abdi dhalem poenika sadaroem, ngangge
dalil wenang, sabab manahipoen langip, Sri
Narendra mangkana kang pangandika.
(158) Sih Pangoeloe mangkene pangrasanipoen, da- p. 168
lil laip ija, kalamoen nora miwiti, jen mi-
witi ikoe nora ngalap wenang. (159) Lir oepama
wong kagepok nadjis ikoe, ingkang gepok nedjo,
kang kan nedjo gepok iki, apa tanggal apa bé-
da oekoemira. (160) Loro ikoe pan woes pada tje-
dak ikoe, sabab laip ira, Mas Pangoeloe atoer ne-
ki, apan sanès kang nedja gepok poenika.
(161) Sabab maka ingkang ginepok Sinoehoen, pan
saking kabekta, ngalap oedoer sabab laip, da-
lil wenang Sinoehoen inggih poenika. (162) Sri
Narendra malih angandika aroem, pan ing-
dingin sapa, ija ingkang amarahi, Mas Pangoe-
loe pan mangkana atoerira. (163) Warni-war-
ni apan di dhalem sadaroem, Dijan Srawi-
radirdjo, jektos ingkang marahi, ngab doel-
latip apan katjepeng poenika. (164) Hingapoes-
san malih ngandika Sang Praboe, jen mang-

kano ija, Badaroedin ana ngendi, lawan kadji
Tamtradji ing wartanira. (165) Mas pangoeloe mang-
kana ing ngatoeripoen, roemijin Narèndra,-
inggih Doellah, Badaroedin lawan kadji Tam-
radji kalih poenika. (166) Apan sami moedoen
dateng Sapalangoe, Sang Natangandika,
jèn mengkono karsamami, heh Pangoeloe
ing mengko sira moedoena. (167) Timbalana
kadji Badaroedin ikoe, lan Djimamradji-
ka, karo lamoen prapta iki, sira ikonen ka-
ro moelih mring Masaram. (168) Dawoehana
pada konen momong ikoe, mring Prawira-
dirdja, lan dawoeh na daka mami, Mas Pa-
ngoeloe atoer nja apan tandika. (169) Noelija
moendoer saking ngarsa Sang Praboe, ti-
p. 169 gra mangkat noelija pan woes kan winar-
ning margi, ngantos pitoeng dinten apan
dèring prapta. (170) Ki melangi mangka-
na ingkang winoewoes, pan sanget atoer-
nja, doematêng Sri Narapati, noewoen a-
ken ngapoenten Radijan Dipatijo. (171) Sa-
bab sampoen, sanget soesahipoen, bilih kan
koewawa, dados awan kimah nèkè, dènè-
ingkang bab serat sadaja. (172) Dosan wanten

Sinoewoen tjatjadipoen, kalamoen pinirsa, ing-
gih dateng ngèlmoe nèki, pan roemijin doek-
Djeneng Djeng Rasoelloellah. (173) Lamoen wan-
ken serat pan pinirsa satoehoe, awon sae sira,
mapan lawan den wangsoeli, Sri Narèndra mang-
kana kang pangandika. (174) Hèh Melangi sira
dingin nara matoer, ing salawas ira, kime-
langi atoer nèki, apan adjrih doemateng ki-
jai Madjo. (175) Jèn mangkono sira timbalana
ikoe, ijo si Danoeredjo, lan sakèhé lojang-
nèki, ikoe kabèh pada sira kanen gawa.
(176) Lan lojangé Djèndral adjo kari ikoe, wis sira
mangkata, sandika noelija toer bekti, sampoen
mangkat saking ngarsanjo Narèndra. (177) Tan vi-
narna ingmargo woes prapta ikoe, nenggih
ing Kedjawan, ki Melangi ladjeng saket, sam-
poen panggih lawan Mas Pangoelae ika. (178) Na-
nging Radèn Dipati kaladjeng teloek, mang-
kana vinarna, Majoor Buskus mijarsa war-
ti, lamoen wonten hoetoesaniro Narèndra.
(179) Mas Pangoeloe nèng Kedjawan lan poenikoe.
malah sinoesalan, anenggih kijai Melangi,
noelija Majoor apan kengkènan angoendang.
(180) Apan ngantos ping tiga mapan lan paewoen,

Mas Pangoeloe ika, noelija Badaroedin prapti, ma-
p.170 ||jar Boeskus pan malih keng kenan ika. —
|| (181) Kang kiningkèn Radèn Ngabdoellatip ikoe,
laimapah prijangga, samana pan sampoen-
prapti, Mas Pengoeloe Kadji Badaroedin ika;
(182) Ki Melangi Radèn Ngabdoellatip woewoes,
kang Pengoeloe kaela, kiningkèn Majoer sajek-
ti, angakoeri inggih daimateng sampéjan.
(183) Saking delap sanget Majoe poen papanggoeh,
inggih lan sampéjan, jèn sampéjan datan ap-
ki, dateng bèteng Majar mariki prijangga.
(184) Mapan datan nedjo damel awan koehoe, mang
sedijo katanjo, nring karsaning Sri Baepati, jèn
sampéjan manggih awan pan kawoela. (185) Ing-
kang nanggoeng mangkana pan rembag sam-
poen, Mas Pangoeloe ika, lawan kadji Bada-
roedin, ki Melangi mapan sae tinoeroetan,
(186) Sabab ngoedaoe noelija mangkat Mas Pangoeloe,
saking ing Kedjawan, dateng bèteng Saka iki,
apan lawan Kadji Badaroedin ika. (187) Ki Melangi
pan datan taimoet poenikoe, kantoen neng
Kedjawan. Sabab sanget sakit nèki, tan winas-
na ing marga pan sampoen prapta. (188) Mas Pa
ngoeloe aneng bèteng Saka ikoe. Majar medoek

noelija, apan langkoeng hoermatnèki, riwaes
linggah majar aris tonjo. (189) Mas Pangoeloe ka-
woela taken satoehoe, poenapa kang karsa, -
nenggih, Kangdjeng Sri Baepati. Mas Pengoeloe
mangkana ing saoerira. (190) Apan boten, dar-
bé karsa Djeng Sinoehoen, majar malih ta-
njā, wonten poendi-ki Melangi, Mas Pangoeloe
mangkana ing saoerira. (191) Apan kantoen wan-
ken Kedjawan poenikoe, sabab sakit ika, Majar
noelijo taken malih, wartinipoen nimbali Ra- p. 171
dèn Dipatijo. (192) Mas Pengoeloe mapan inggih
atoeripoen, Majoe malih sabda, mapan sam-
poen kasèp iki, Dijan Dipati olèhé katemoe
ika, (193) Sampoen slet pitoeng dina warti-
nipoen, lawan prapsantra, inggih kijai Mela-
ngi, pan sariki Dijan Dipati lagi loenga.
(194) Nring Magelang kabèh loerah kawoelèkoe, pan
katemoe Djendral, sabab Djendral sapoenika,
ajoen loenga marang Batawi poenika. (195) Pitoeng
dinten kadas loerah kaela mantoek, lan Ra-
dèn Dipadijo, déné mawi dèn timbali, Dijan
Dipati kang Sinoehoen joen poenapa. (196) Mas
Pangoeloe mangkana ing saoeripoen, ajoen pir-
sa serat, sadaja poenika sami, pan roemijin

Djeng Sinoehoen dèrèng pirsa. (197) Sabab lagijo
marengi doeka poenikoe, mring Radèn Dipa-
tijo, marma sagoeng serat tami, kaktib-
santen nenggih Rahadijan Dipatijo. (198) Sa-
poenika sampoen lilah kang Sinoehoen, mar-
ma ngandikan, lawan kinèn bekta tami, sa-
goeng serat kalawan serati Djèndral. (199) La-
moen kektib inggih kinèn bekta ikoe, Majoor
Beskies modjar, Mas Pengoeloe kadi poendi,
lamoen boten wonten karsané Sang Nata.
(200) Inggih kepang koemoeten lan Djèndral ikoe,
mapan kantja kaelo, langkoeng soesah ma-
nah koela nèkè, sareng mireng Kangdjeng
Soeltan sanget gerah. (201) Kadas poendi jèn
ngantosa sèdå ikoe, Mas Pengoeloe nabda,
Majoor nikoe kados poendi, dené mengtah leres
ipoen mandak tengah. (202) Majoor Beskies
wangkana pan saoeripoen, Mas pangoeloe
ika, mapan boten ngrasa ikè, kanah Djåwa
p. 172 kang keringan moeng poenika. (203) Kangdjeng
Soeltan Ngabdoelkamit pan sasoehoe, mar-
manja sakedop, kan kantenan wardanèki,
dadijo katah ing kang doewé karep pada. —
(204) Mas Pangoeloe marang nagri djåwi nikoe,

tingaeng kantja koela, saring Kang djeng Soeltan maktih, pan sanjki poen sami kendel sadaja. (205) Marma enak, kantjo koela manahipoen, maing den arsa-arsa, Kang Sinoehoen kepeang nèki, kalih Djendral ing siang daloe poenika. (206) Jen oepami boten kalakona kepoeng, opan kantja koela, ingkang gédé-gédé sami, tanah Djawa bakal boeang podat pada. (207) Kang Sinoehoen, kalawan Djendral poenikoe, waes sanijo hoebajo, Mas Pangoeloe noelijo pamit, mantoek dateng pandak Kedjawan poenika. (208) Majar Buskus pan mangkana welingipoen, mas Pangoeloe dika, sampoen kesah-kesah iki, sing Kadjawan, ngantosana loerah koela. (209) Boten lami kados ngeli prapta ikoe, mas Pangoeloe nabda, gih koela poen atoer taelis, mring Narèndra noelija mantoek saking Saka. (210) Lawan Doelah kadji Badaroedin ikoe, waes prapta Kedjawan, noelija kèng kinan taer taelis, mring Narèndra kan winarna sampoen prapto. (211) Apan djoedjoeg, mring Mochamad Tekib ikoe, gijo katoer Narèndra, serat njo Pengoeloe naeli, kipiksa kang serat idjemanira. (212) Apan kadijo kang maingel ngadjeng poenikoe, ingkang sa-

nis kara, dangoe kendel Sri Boepati, risawoes-
nja noepiksa ingkang nawala.(213) Dan mangka-
na osiking tjipta Djeng Sinoehoen, bojo koesa-
ning Hijang, ingsoen kinen anglakoni, lara
p. 173 sirrang apan gåning ingsoen ning daenjo.(214) Dé-
né kinaoh mangkéjé iki Pangoeloe, ingsoen o-
ra meksa, woes tak diré awak mami, Sri Na-
réndra, noelija aris angandika.(215) Amad Pe-
kik apa woes demen sirikoe, Pengoeloe karep-
njo, toer sembah Machamad Pekih, sampoen rem-
men Sinoehoen kados poenapa.(216) Dedéjo mè-
sem Sang Nata ngandika araam, woes pada ké-
wala, sagoenging wong dadi iki, jèn mangko-
no agawéjo lajang sira.(217) Timbalana marèné
ikoe Pangoeloe, lan Martanagara, lawan sapra-
djoerit iki, dené Basah Ganda koetaoema
maksiha.(218) Kari baris aning Kedjawan poe-
nikoe, lan pradjoeritira, adja kari Badaroe-
din, ki Melangi sabab djaré isih lara.
(219) Lan sira ta kalomaen woes waras ikoe, go-
mel Soemataliija, toer sembah Machamad Pe-
kih, noelijo lengser saking ngarsa Naréndro.
(220) Karja soeros, sinimbali poenika sagoeng, tan-
winarna prapta, sadaja ing Sampang samis-

Mas Pangoeloe Badaroedin tinimbalan. (221) La-
wan Mochamad Pekih, Sri Narèndra dangoe
kadji;
Lawan Radèn Basah Martanagarikoe, tiga
prapténg ngarsa, sakawan Mochamad Pekih,
Sri Narèndra dangoe kadji Hamradjika.
(222) Kadji Badaroedin Hangkana taetipoen, pan-
kaladjeng Nata, sampoen mansoek ing mata-
wis, Sri Narèndra dangoe nining tingkah poe-
nika. (223) Hèh Pangoeloe apa waes ènak atimoe,
lawan sira pada, déné ngangge tepoeng iki-
apa ara kasikoe nining ngèlmoenira. (224) Mas-
Pangoeloe lawan Badaroedin matoer, pan taben
poenika, sabab amba tan miwiti, sabab saking
pangadjakipoen poenika. (225) Inggih Majar Bus-
kus poenika tinoehoen, pan ngèlmoe kalitan,
lamaün laknat kang miwiti, Sri Narèndra-
mèsem aris angandika. (226) Hèh pangoeloe lan
Badaroedin sirèkoe, apa waes pratjaja, kabèh
Majar oedjar iki, mas Pangoeloe Badaroedin a-
koerira. (227) Inggih sampoen tiang poenapa ti-
noehoen, ingkang kjinepengan, jèn dédé wiraos
niki, pédah kaeda kendangsaelipoen poenika.
(228) Sri Narèndra naeljo nantoen Basah ikoe, Ba-

p.174

sah-paran sira, Radèn Basah atoer nèki, mapan
hamba sinoehoen poenapa karsa. (229) Jèn mang-
kona soen tjobané ngèlmoenipoen, si Pangoeloe ija,
lawan Kadji Badaroedin, Kèh Pangoeloe Badaroe-
din waes balija. (230) Uring Kedjawan koe toegena
kepaing ikoe, lawan Majar sira, kalamaen Karnèl
waes prapti, dawoeh ena ingkang dadi karsaning
wang. (231) Babing hingan, batjah pradjoerit ki
sagoeng, lan pangrabinira, apa Karnèl anja-
gaehi, sabab ikoe ingané pan rong prakara.
(232) Daewit bandar kalawan padjeg pounikoe, pada
pratèlakna, padjeg wetaené dèsèki, ingkang ban-
dar pan ikoe sektoening pasar. (233) Lamaen
Karnèl nara angagaehi ikoe, kan bisa bitjara,
pasti jèn ngèran-eroni, nara waeroeng dadi
anggoeng rerebaetan. (234) Pan saiki rikalané
daeroeng rampoeng, ija ingkang bitjara, baemi-
bandar karsa mami, ija Karnèl kang soen tilan-
ni njekela. (235) Waes mangkata mring Kedjawan
sira ikoe, kalih atoer sembah gijo lengsèr saking
ngarsadji, kan winarna marga Kedjawan waes
prapta. (236) Majar Buskus sampoen nijarsa-
wartinipoen, Mas Pangoeloe prapta, lawan Kadji
Badaroedin, saking Sampang apan mentas me-

gatroehanja. „Megatroeh” (1) Langkoeng boe- CANTO 40
ngah ingkang bijos Majar poenikoe, noelijo kèng-
kènan ngatoeri, apan dateng Mas Pengoeloe, la-
wan kadji Badaroedin, tan karoarna panggih ka-
ro. (2) Majar ladjeng atetaken karsanipoen, nung-
gih Kangdjeng Sri Boepati, sampoen pinadjar
sadaroem, Majar langkoeng leganèki, ingkang bijos
serta lingnijo lon. (3) Mas Pengoeloe apan poenika
sadaroem, inggih ing satanah Djawi, kagoengan
dhalem Sinoehoen, kandja kawoela pan aming,
ngempek kilem neda jèktos. (4) Marma bèndjang
jèn kedak ingkang Sinoehoen, sagoeng bèteng
apan sami, sampoen dinawoehan nikoe, moengel
kang marijem ~~sandjata alit sadaroem~~. sami,
hormat ping njalawé mangko. (5) Lawan ngedrèl
sandjata alit sadaroem, marma kawoela poeni-
ki, anglir katibanan daroe, langkoeng dédé wawrat-
nèki, loeroh kala ingkang wartos. (6) Sampoen da-
teng wingi santen lawan ikoe, nunggih Rahadijan
Dipati, saking Magelang poenikoe, noelija Majar
Boskis noeding, daimoteng Kapitan goepoh.
(7) Gegantjang ngatoeri mring Kornèlipoen, ing Ke-
doe maésa iki, mas Pangoeloe sampoen mantoek,
lawan kadji Badaroedin, dateng Kedjawan mangko.

(8) Nojar Boekoes kingkènan ngatoeri ḡ soegoeh, ma-
rang Radèn Basah noeli, apan langkoeng katahi-
poen, nging ingkang kinèngkèn iki, kang koemroep
ing oenggah-oenggoh. (9) Pan mangkana aneng-
gih witjantenipoen, ingkang ingoetoes poeniki, Ra-
dèn, Radèn kawoela ingoetoes, nering Nojar neng-
gih maringi, rangsoem ing sampéjan mangko.
p.176 (10) Radèn Basah Gandakoesoema poenikoe, sareng-
mijarsa semboeng niki, nering Nojar kèngkènan-
poen, pan langkoeng bramantijanéki, hèh koe-
koera marang Nojar. (11) Apan ingsoen iki doedoe
botoeripoen, déné nganggo dèn paringi, kalawan
rinangsoem ikoe, apa nora koerang mami, waes ga-
wanen goepoh. (12) Toetoerana nering Nojar mang-
kono ingsoen, mapan jekti datan napsoe, kang-
kèngkènan noeli wangsoel, mangkana pan ladjeng
wotti, wroe doemateng twan Nojar. (13) Saniskara
Nojar ladjeng ngengen ikoe, doemateng kèngkè-
nan niki, bener Radèn Basah ikoe, oedjarira-
ingkang sisip, jèn sira katekan mengko. (14) Ka-
ja paran mengko patemboengan moe, kang-
kèngkènan saoerniki, pan inggih njaosi soe-
goeh, mangkono Nojar sab dèki, nadéjan i-
koe ja mangkono. (15) Ingsoen apan lan Ra-

ḍèn Basah satoehoe, pasti gedé Basah nèki, Ba-
sah Karnèl timbangipoen, lawan manèh ingsoen
iki, dadi wong désa samengko. (16) Waesta sira ba-
lija matoera ikoe, lamoen ingsoen angatoeri, soe-
goeh maring Dijan Basah ikoe, noelija wangsoel
matoer malih, apan mangkana toernja lan.
(17) Nging Dijan Basah mapan maksih adjrih ikoe,
sabab dèrèng dipoen weling, kalamoen wonten sa-
soegoeh, pan ikoe kinèn nampani, Mas Pengoeloe -
kang manantos. (18) Lawan Dollah Badaroedin a-
pan ikoe, jèn dadija doeka Narpati, mangkana
waes tan tingtoer, kawarno Sri Boepati, apan a-
nimbali karo. (19) Radèn Basah Martanagara
dinangoe, waoe damadeng kang raji, Basah Gan-
dakoesoemekoe, pepakira kang pradjoerit; ma- p. 177
nawa waes ana repot. (20) Basah Martanagara -
mangkana toeripoen, pan sampoen lapoer poen
adi, prakawis pradjoeritipoen, pan sampoen pe-
pak poen adi, Toemenggoeng Rangga Pandji-war.
(21) Mapan kendel Ngabèhi prapta sadaroen, na-
nging kang djadjar pradjoerit, apan katah ki-
rangipoen, Pandoegi prapta sapalih, sang Na-
ta ngandika alon. (22) Pira kèhé pepaké pradjoe-
rit ikoe, ija adinira iki. Radèn Basah atoeri-

poen, sèwoe sagoeng lan Dipati, adi gangsal a-
taoes kang wong. (23) Ingkang dipoen tjepeng priba-
di poenikoe, kalawan lapoer poen adi, mesem tas
tampi poenikoe, sagahipoen Majar nanging, adi
mapan ladjing laro, (24) Sampoen katoer ingkang
niskara sadaroem, mesem Kangdjeng Sri Boe-
pati, mangkana waos tan tjinatoer, Karnèl Klè-
res kang winarni, lan Raden Dipati mangka.
(25) Sareng tampi nenggih Majar soeratipoen, ka-
langkoeng boengah pijos nèkè, mapan ladjeng
mangkat ikoe, saking Kedoengwaèsa ki, tan
kantoen Dijan Dipati nam. (26) Lawan Ba-
tah Ngabdoellatip prapta sampoen, ing Pan-
djer noelijo ngatoeri, waoe doemateng Mas Pa-
ngoeloe, lawan kadji Badaroedin, ingirid
doemateng Majoer. (27) Tan winarna marga
Pandjer prapta sampoen, Mas Pangoeloe sam-
poen panggih, kalawan Karnèl poenikoe,
Karnèl langkoeng Boengah nèkè, mangkana
noelijo lingnjo lan. (28) Mas Pangoeloe Kadji
Badaroedin ikoe, poenapa karsa Narpati,
manah kawoelo kalangkoeng, sareng prapta
soeratnèki, nggih kang saking poen Majar.
(29) Dadijo itjal sajah kawoela sadaroem, saweg-

p. 178

propta koela niki, pan saking Magelang ikoe, anggirid Radèn Dipati, kapanggih lan Djendral De Kock. (30) Ladjeng mangkat mariki tan ngantos-tochoe, aso Mas Pengoeloe angling, Kornèl kawoela ingitoes, dateng Kangdjeng Sri Baepati, maringaken tabé Kalong. (31) Apan sampoen dinawoehaken sadaroem, barang kang dadéjo karsa Dji, woes maoeni ngadjeng ikoe, sagoeng ingkang niskoraki, anglir dawoeh njå mring Wajar. (32) Kornèl apan langkoeng boengah manah ipoen, pan aris dènjo naoeri, apan sandika sadaroem, poenapa karsa Narpati, sampoen anjagahi ingong.
(33) Nadéjan silih wontena sadasa èwoe, kawoela ingkang njagahi, ingan abdé dhalem sagoeng, pradjoerit pangrabt sami, riwoes tinamoer pakoewon. (34) Mas Pangoeloe kawoela joen tanjo tochoe, andika ingitoes iki, lah poendi protandanipoen, ingkang soerat Sri Baepati, Mas Pangoeloe anabda lon. (35) Apan boten pinaring soerat poenikoe, Kornèl mangkana sabdiki, Mas Pangoeloe dika loepoet, pantesé dèpoen dèdèli, paran dèn Dipati mangko. (36) Napa leresnapa botenta poenikoe, sabab oetoesan Narpati, boten bekta soerat ikoe, Dijan Dipati

anaoeri, apan leres Karnel jektos. (37) Ngajar Buskus mangkana noelijo poenam boeng. Sanadijan Radin Dipati, punikoe gih miloe loepoet, serat ipoen Karnel kalih, lan Djendral kankatoer Kadong. (38) Dadijo pirang-pirang serat kendel ikoe, wonten Rahadijan Dipati nrangke ning poendi gadaroem, Dijan Dipati nahoeri, pan koela kengkènan padas. (39) Ngaboer-

p. 179

oken tagoeng kang serat poenikoe, Kangdjeng Sinoehoen lan panggih, samiki itjal tadaroem, lawan ingkang bekta aegi, gih Ngajar ingkang loeboeran. (40) Tamboeh mati oerip kawoela lan oerip weroeh, lan prapta ngantos samangkèn, ingkang anggawa poenikoe Karnel malih anamboengi, kas poendi Pangoeloe mangko. (41) Lamoen Kangdjeng Soeltan toementen taeloeng, pan katjekele Tasiki, mapan banged den ujo bingoeng, sabab katah ingkang pamit, nenggih karepdjroning batos. (42) Marang nagari Djawi niki Nos Pangoeloe, jen Kangdjeng Soeltan pribadi, pan inggih mangsana Poeroen, ing Solo Jogijo poeniki, sabab kang santana twon. (43) Lawan boeron wana mapan toemoet nimbroeng, salaminjo Sri Boepati, masanggrahan har-

di ikoe, bèteng kang tjelak wana dri, pan asring
géger gaemoeroh. (44) Sima lawan sawer kang ngroe-
sehi ikoe, sara dadoe katah sami, bineksa -
mring sima koehoe, kalawan sandjataniki, tan
kantoen sadaja kamot. (45) Sèn linoeroe batang-
ira pan kaemoe, nging bedil njo tan kapang-
gih marma giris kantja sagaeng, mijang kang
désa-désa sami, ing mangké pan katah lawang-
(46) Ingkang tjelak bèteng angladosi ikoe, mring-
bèteng tineda sami, sawer lawan sima ikoe, la-
moen daloe prapta niki, lawan pitik iwèn go-
long. (47) Lamaen siang opan tan wonten ka-
doeloe, marma sagaeng soesah sami, kados poen-
di Mas Pengaeloe, poenapa Sri Narapati, tan
ngowel abdi Sang Katong. (48) Mring risaké poe-
niki di dhalem sagaeng, sadaja ing tanah-
Djawi, nging kawoela Mas Pangaeloe, pan dè-
rèng narima jekti, mring dika ngakoe ki-
nongkon. (49) Koedoe noewoen pratanda dhalem p. 180
kang toehoe, darapon dèn andel jekti, mring-
kantja koelo sadaroem, lan kawoela angatoeri,
doemateng Kangdjeng Sang Katong. (50) Mas Pa-
ngaeloe pan amoeng sawanten ipoen, saking
lega kang tyas jekti, opan warni-warni ikoe,

lan arta poenika kedik, ngatoeri padjagan jek-
tos. (51) Maring abdi dhalem ponakawan tagoeng,
sampoen Mas Pangoeloe jekti, kawoelo kedah a-
noewoen, pratanda dhalem pribadi, amrih dèn
andèl sajektos. (52) Dateng bangsa kawoela ma-
pan tatoehoe, Mas Pangoeloe anoelijo mit, apan
lawan kadji ikoe, Badaroedin tan winarni,
margi sipeng wes prapteng gan. (53) Panggih
lawan Raden Basah Mas Pangoeloe, lawan ka-
dji Badaroedin, gijo ngirid Mas Pengoeloe, so-
wan doemateng Narpati, marang Radèn Ba-
sah kaot. (54) Kadji Badaroedin apan da-
lan kantoen, katri wes prapteng ngarsa -
Dji, Mas Pangoeloe noelijo matoer, tagoeng kang
niskara tami, Kornèl Klèrès koernja mangko.
(55) Kang niskaro wes moengel ngadjeng sadaroem,
kèndel dangoe Sri Boepati, n roemaos jèn -
tiwas tachoe, sabab kang tijas tèka gampil,
apan noeroeti Sang Katang. (56) Nring atoeré Mas
Pangoeloe ki Mlangi koe, tiga kadji Badaroe-
din, Sang Nata apan kalangkoeng, kèwran tijas
èwed mangsoeli, sabab kang sampoen kawi-
jos. (57) Dadijo nemah Sang Nata nging san-
di ikoe, abèla kalih prakawis, kang sabil-

lawan kang kandoeng, apan sedaja dèn bélani,
lan arah tak dir Hijang manon. (58) Enget djan-
dji doemateng doem-doemanipoen, manoengsa
nèng doenja iki, waos pinastī lohkilmahpoel,-
lamoen tan kéna soemingkir, lara wirang pati p.181
mangko. (59) Kangdjeng Soel tan wekasan ngan-
dika aroem, hèh paran Pangoeloe iki, lan Bada-
roedin sirèkoe, prakara panoewoen nèki, lajang
Kornèl ingngang. (60) Apa patoet lamoen toen-
koeroetī ikoe, kalih samija atoer nèki, pan lang-
koeng prajoginipoen, dènè tjatjat dateng ngèl-
mi, pan amba kang nanggel Katong. (61) Sa-
bab amba lan paen paman kadji toehoe, tan-
wanten kang dados Hadji, soemelang ing Kor-
nèl toehoe, sabarang patoeran nèki, pan anoeng
barès kemawon. (62) Marma kang tijas kalang-
koeng pitadjengipoen, noelija Sang Nata noeroeti,
pan sampoen pinaring ikoe, ingkang pratanda
Narpati, Mas Pangoeloe noelija kinon. (63) Wangsoel
panggih lawan Kornèl Klèrès ikoe, Badaroedin
datan kari, lan bekta pratanda ikoe, tan wi-
narna margi panggih, lan Kornèl Pengoeloe goe-
poh; (64) Apan noedjoe sami pepakan sadaroem,
Njojoe lawan Kornèl sami, Kornèl langkoeng soe-

kanipoen, sareng Mas Pangoeloe praptī, sarta bek-
ta serat kadong. (65) Dan sadaja sami ngadeg hoer-
mat ikoe, sadangoe-nja maos toelis, sagoeng ing-
kang agoeng-agoeng, mangkana parèntah Hadji;
Heh Kornèl Klèrès ta mengko. (66) Lawan Majar
Buskus riwaes tabe ningsoen, karo marang ing
sirèki, ija soen soeroehi mangko. (67) Nanging Kor-
nèl ingsoen apan amoe-moe ndoet, gawèkna pa-
sanggrahaning, ing Réma Kamalka ikoe, lawan
ing Kadjawan iki, teloe kali Radjo ingngong.

p. 182 Besuk → (68) [Badé] lamaen Rawah kali Radjo ing soen, [Abdi
ningsoen Basah iki, Mataram kang loro ikoe,
lawan sapradjoerit nèki, kabèh metoeka marang
ingong. (69) Lawan Djendral De Koek kono wak-
toe ikoe, ija mapakka nring mami, patemon
kali Radjo koe, woes titi karsa Narpati, Kornèl
langkoeng saeking batos. (70) Lawan Majar nijong
sagoeng Kolonèl ikoe, noelijo sami tata linggih,
Kornèl atoeaken ikoe, Mas Pangoeloe kados-
poendī, pan kawoela datan ngartos. (71) Déné
ingkang pratanda Kangdjeng Sinoehoen, wan-
ten setengah ing toelis, pan tan wanten odati-
paen, kalo dèrèng ninga jektas, kados poen-
dē kang mangertos. (72) Mas Pengoeloe mangka-

na wang soelanipoen, kan hoening karsa Sang Na-
dji, Kornèl noelija karja ikoe, kang soerat soedoer
Narpati, sabarang karsa Sang Katong. (73) Kor-
nèl Klères apan angagahi sampoen, Mas Pangoe-
loe sampoen pamit, lawan Badaroedin ikoe kan
winarna marga prapti, sampoen woes kataer-
sang Katong. (74) Saniskara angandika Djeng
Sinoehoen, ja woes ta warahen ikē, Kornèl
Klěres apan ingsoen, bésoek Senèn tedak ma-
rni, marang Rema kamal ingngong. (75) Kornèl
apan soen kimbali kono ikoe, ing Rema metoeka
mami, adja kadingiman ingsoen, lawan den-
sameka noeli, kanda adja koerang prabot.
(76) Mas Pengoeloe sandika ing ngatoeripoen, gija-
lengser poetoesan aglis, nering Kornèl aparing
weroeh, sabarang karsaning Ngadji, Kornèl lang-
koeng soeking batos. (77) Pan roemaos lamaen ka-
pratjajo kachoe, dateng kang djeng Sri Boepati,
sabarang parentahipoen, Mas Pangoeloe den sa- p.183
gahi, marang Kornèl Klères jektos. (78) Apan
ladjeng parentah, Kornèl poenikoe, mring Pajar
akarja iki, pasanggrahan Rema ikoe, lan Kedja-
wan apan sami, kinerig saroepaning wong.
(79) Langkoeng asri kinonta Kadosan sagoeng, Rema

lan Kedjawan sami, mawi gapoera poenikoe,
pasowan pinatjak soedji, ing djawi gapoera
kono. (80) Sapabedil awatara kebihipoen, pa-
sanggrahan lawan iki, pasiban kang taroep a-
goeng, pantjen palenggahan Kadji, ingoeroeg
wedi pan koot. (81) Kang pasowan alit samija
pipit ikoe, jen kinon saklang kang asri, lawan
datan karja loeroeng, apan ngantos doegi ngar-
di, ing Sampang rinadin mangko. (82) Apan sami
binoeroeg wedi poenikoe, koja padasan lan ma-
lih, Djembangan maripit ikoe, gapoera lan pa-
tjak soedji, poenika sadaja manggon. (83) Saka-
repé pan ulajar pribadi ikoe, sadaja ing kang-
djenengi, karja pasanggrahan ikoe, Rima lan
Kedjawan sami, mangkono woes samija dados.
(84) Kamèl ladjeng koer haoeng mring Mas Pengoe-
loe, lan nirang wantjinèki, anenggih panoe-
koekipoen, doematèng Sri Narapati, lan dinben
njo kang sajektos. (85) Mas Pengoeloe ladjeng
amang soeli goepoeh, kembae Senen kedak Ka-
dji, doematèng Rima poenikoe, lawan Kar-
nil kinèn prapti, djam kalih welas ing ko-
no. (86) Sri Narindro pan dinoegi rawoehipoen,
kados jen edjam sotoenggil, mangkono woes-

winoewoes, kawarnaha Senèn prapti, Mas Pangoe-
loe karsa Katang. (87) Apan lawan kādji Bada- p. 184
roedin ikoe, pan samija kinèn roemijin, nring
Rima kamal panikoe, mangkana Sri Narapa-
ti, saking Sampang naelija badal. (88) Datan
kebih Rahadèn Basah panikoe, marma nagara
lan Hadji, pan kantoh adjagèng kèwoeh, lawan
ki Moehamad Pekih, tanapi pradjoerit Katang-
(89) Kawatara amaeng kalih bêlah ikoe, kang dirèk
Sri Narapati, sedakira saking goenaeng, mar-
ma Dijan Basah kijas rèki, apan makoeh sedijèng
kèwoeh. (90) Apan dèrèng Dijan Basah pitadjèng
sachoe, nring laknat barang koer rèki, mapan
amaeng Mas Pengoeloe, lawan kadji Badaroedin,
kang sampoen pitadjèng jektas. (91) Radèn Ba-
sah Martanagara panikae, karsanja Sri Nara-
pati, apan kinèn ngampil ikoe, anenggih Kang-
djeng kijai, bandajoeda kaisèng Katang. (92) Sa-
bab lamaen soeldja ing ngatoeripaen. Mas Pengoe-
loe lawan kadji, pan ladjèng nerempan ikoe, mar-
ma Dijan Basah pinaring, paesoka tjinoté nran-
tos. (93) Kang djeng kijai Bandajoeda apan ikoe
lawan ing kang samija ngampil, kang paesoka-
tiganipaen, nenggih kijai Amad Pekih, lawan

Mas Toemenggoeng mangko. (94) Sanagara lan
Dijan Dipajana ikoe, san winarna aneng mar-
gi, ing Rema kamal waes rawoeh, nanging Kar-
nèl dèrèng prapti, apan moktih endjing jèk-
tos. (95) Saweg poekoel sadasa sawatawis ipoen, -
rawoehira Sri Boepati, Karnèl apan sedijani-
poen, lan harsa ngelon-elani, wija kang ri
kosesa mangko. (96) Apan Poekoel sadasa Kar-
nèl poenikoe, angkatira saking kemit, kala-
p.185 wan hoesar sadaroem, saking wanden mar-
gi mijarsi, Karnèl lamoen Djeng Sang Ka-
tong. (97) Sampoen rawoeh pasanggrahan Rema
ikoe, Karnèl apan tangkang adjrih, ladjeng sa-
sanderan goepoeh, lawan tagoeng hoesar nèki,
san winarna prapteng enggan; (98) Tan ing
Rema lawan hoesarira tagoeng, kang pelang-
kir maktih ~~lebih, waoe denja~~ kari, dadijo ka-
sesa sadaroem, Karnèl apan maktih lebih, wa-
oe denya ~~[illegible]~~maedaem andjlak. (99) Saking koe-
da nèng djawining gapoerakoe, lawan dasan-
mawi kapi, panoedjoe panas kalang kang, kang
ngiring maring Dijan Dipati, lawan ngab doel-
latip karo. (100) Lan adjidan taz tanggal apan
kang laemoet, adjidan tenis nanèki, waes-

soendoek lan Djeng Sinoehoen, Karnèl èsmoe langkoeng adjrih, soemoengkoel gènira loenggoh. (101) Sri Narèndra mangkana ngandika aroem, hèh Karnèl dène kok kari, ijo sira lawan ing soen, Karnèl matoer semoe adjrih, apan kawoela jèktos. (102) Maeng parèntah ipoen di dhalem poenikoe, ijos Pengoeloe lawan Kadji, Badaroedin pan sa-toehoe, ingkang kawoela lampahi, nèng rèma-dipoen sawantos. (103) Soekoeloen kalih welas am-ba kinèn ikoe, dateng metoek padoeka Dji, mapan sampoen ngantos woe, kroemijinan ing Narpati, apan padoeka Sang Katong. (104) Djam satoenggal dawoehipoen ijos Pengoeloe, rawoeh dha-lem wonten ngriki, marma kawoela Sinoehoen, pan sedèja ngelan-elani, sampoen ngantos kan-toen Katong. (105) Lan padoeka sareng prapta-margi tochoe, kawoela miarsa warti, jèn padoe-ka sampoen rawoeh, marma katesa poeniki, katah kantoen dèrèng ngantos. (106) Dados ki-rang hormat kawoela satoehoe, dawoeh Sri Narapati, maeng noewoen ngapoenten agoeng, sabab sing kasesènèki, mèsem ngandika Sang Katong. (107) Hèh ijo Karnèl woes tan dadi siga-pa ikoe, Karnèl noelija matoer aris, jèn pareng

p.186

Ingkang Sinochoen, kawoela badé ngatoeri, har-
mat Sang Nata nabda lan. (108) Ja woes nara
pan ingsoen tarima ikoe, sabab sira doeroeng
iki, bisa nembadani ikoe, ija lawan karsa-
mami, Karnèl nijangkijo matoer alon. (109) A-
pan sampoen kaladjeng bèteng sadaroem, a-
pan ping njelawé sami, lan drèl sandjata
binrondang. (110) Ora Karnèl woes woeroengna
kabèh ikoe, lamoen sira bisa iki, ija ngoermati
maringsoen, ping pitoeng poeloeh jo bedjik, la-
wan poendjoel lima kano. (111) Pan mangkéné ikoe
Karnèl artinipoen, pan ingsoen Kalipah Nabi,
ning tanah Djawa kabèh soen, Kangdjeng Na-
bi ingkang jekti, sokaboté pitoeng poeloeh.
(112) Poendjoel papat lima Kangdjeng Nabi ikoe,
marmra pada soen hormati, dadi moengnjo-
widji iki, déné ja ingsoen pribadi, mapan-
woes tan koerang ing ngang. (113) Karnèl olèhi-
ra ngoermati maringsoen, sadjroning ingnga-
prang iki, ijo Karnèl pitoeng taoen, sastoes
èwoe kaja loewih, oermatira marang ingngang.
(114) Lawan Karnèl marmané pratandaningsoen,
ija soen prenahken iki, ning tengah Kaélisan
ikoe, sabab ijo Kangdjeng Nabi, nagarané-

Mekah mengko. (115) Mekah ikoe satengahing djagad tochoe, njama jèn sira tan hapti, tjo angoeningti ikoe, Tmring Kangdjeng Nabi kaki, Mahamad tam kang kinaat. (116) Sebab ingtoen iki maeng tadarma toehoe, kang doewé Agama Nabi, dadijo Karnèl kendel dangoe, sekasan hoematoer aris, jèn tan karsa Djeng Sang Katong. (117) Inggih hormat marijem jèn paring ikoe, mapan kawoela ngatoeri, hormat salomprèt lan kamboer, Sang Nata mèsem nabda ris, Karnèl prajoga toer kaot. (118) Noelijo Karnèl parintah mring Tenis ikoe, gijo loemadjeng andawochi, marang hoesar plang kir sagoeng, gijo moebeng pro sowan sami, noelijo Karnèl matoer alon. (119) Kados poendi ing karsa Kangdjeng Sinoehoen, poenapa njaré ing ngriki, Kangdjeng Soeltan noelijo dangoe, marang Basah Morkanagri, Basah Kedjawan pahodoh. (120) Teka kéné apa waes tjedak ta ikoe, Radèn Basah matoer aris, apan lawan Mas Pangaloe, jèn padaeka tedak saking, ngriki apan bokda lahar. (121) Kados boten akir nenggih asaripoen, dadija Nata ngandika ris, hèh Karnèl pan ingtoen bandjar, mengko Bokda loehar iki, lan sira

p. 187

spa woes tjoes. (122) Taundan Karnèl opan sampoen
otoeripoen, namoeng kawandasa idji, lan kawoe-
la bekta pachoe, kitiean pan tiga bilih, padoeka
